ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№13 (24.451) • 2023 гъэм мазаем (февралым) и 4, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

**КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ**

# Шынагъуэншагъэр ягъэнэхъапэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымкIэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ, мафIэсхэм я шынагъуэм пэщIэтынымкIэ комиссэм и зи чэзу зэIущIэр. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI Надежин Михаил, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым КъБР-м къегъэщIылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, Правительствэм и лэжьакIуэхэр, министрхэр, муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр. ЗэIущIэм къыщапщытэжащ УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм 2022 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр икIи абы 2023 гъэм къыпэщыт къалэнхэр зэпкърахащ.**

КIУЭКIУЭ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ илъэс кIуам хэхауэ дызыгъэпIейтеин Iуэхухэр къызэрымыхъуар, псыхэм я къиугъуэм, уэсукхъуэхэр, ятIэпсхэр къыщех зэманым ехьэлIа лэжьыгъэхэри зэпэщу зэрекIуэкIар. Республикэм и унафэщIыым комиссэм хэтхэм яхуигъэуващ, нобэрей зэманым зэтеува геополитикэ щытыкIэмрэ абы къыдэкIуэ шынагъуэхэмрэ къалъытэу, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъуным, республикэм и унафэщI органхэмрэ Iуэху пIащIэгъуэхэм елэжь Iэнат Iэхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным нэхъ егугъуну.



Надежин Михаил зэIущIэм къэрихьэлIахэр щыгъуазэ ищIащ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ къэрал системэ зэгуэтым и щIыналъэ системэ къуэдзэм и къарухэмрэ Iэмалхэмрэ къызэрымыкIуэ щытыкIэу 1-м, псэуныгъэм и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэ хэха зиIэ къэхъукъащIэу 27-м яхуэгъэзауэ къызэрагъэсэбэпам. КъБР-м и щIыналъэм мафIэс зэмылIэужьыгъуэу 1470-рэ щатхащ икIи къэрагъэлын папщIэ абыхэм цIыху 780-рэ ягъэIэпхъуащ, мылъку зэмылIэужьыгъуэу сом мелард 1,4-м щIигъу и уасэ мафIэм щахъумащ. Республикэм мафIэсым пэщIэтынымкIэ и лэжьакIуэхэр 2500-м щIигъукIэ ежьэн хуей хъуащ, апхуэдэу IэнатIэм пэрытхэр гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжыным 452-рэ хэтащ икIи абыхэм цIыху 16 кърагъэлащ. Управленэ нэхъыщхьэм и лэжьакIуэхэм ухуэныгъэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ мафIэсхэм зэрыщахъумэр 293-рэ къапщытащ. Урысейм и МЧС-м Iуащхьэмахуэ щыIэ и къэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупым хэтхэр къуршхэм 140-рэ дэкIащ икIи абыхэм цIыхуи 128-рэ къыщрагъэлащ.

ЗэIущIэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ мафIэсхэм япэщIэтынымкIэ IэнатIэм и зэфIэкIыр къэIэтыным. КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Бэрбэч Алим зэрыжиIамкIэ, дызэрыт илъэсым мафIэсым пэщIэтынымкIэ IэнатIэм папщIэ депо Ново-Хьэмидей, Зеикъуэ къуажэхэм къыщызэIуахынущ. Абы къыдэкIуэу, мы Iуэхум зрагъэубгъун папщIэ зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIынум иджыпсту йогупсыс.

ЗэIущIэм щыжаIахэм япкъ иткIэ щIэрыщIэу хэплъэжауэ ягъэтэмэмыж 2023 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къыщымыгъэхъунымкIэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ икIи мафIэсхэм я шынагъуэм пэщIэтынымкIэ комиссэм иригъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм я планыр.

**• КъБР-м и Правительствэм**

# ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ Iуэхугъуэ зыбжанэм щыхэплъа зэIущIэ.**

ЦIЫХУХЭМ я псэукIэр ефIэкIуэным сэбэп хуэхъу хьэрычэтыщIэхэм я реестрым хэтхэм, зи ныбжьыр илъэс 25-м щIимыгъуахэм, хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ зрагъэужьын папщIэ грантрэ субсидиерэ зэрыратыну Iэмалхэм тепсэлъыхьащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**. Нэхъыщхьэу ар зытеухуар грантыр къызэрахь щIыкIэр нэхъ тынш щIынырщ.

Республикэр, муниципальнэ щIыналъэхэр зыхуеину хьэпшыпхэр зэрызыIэрагъэхьэ щIыкIэм теухуауэ КъБР-м и Правительствэм къыхилъхьэ Iуэхухэр зыхуэдэнур игъэбелджылащ министрым. ЗэхъуэкIыныгъэ зыхалъхьэну Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр теухуащ цIыхухэр зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр къэщэхунымрэ къэрал муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэгъэкIынымкIэ зэгурыIуэныгъэ зэрызэращIылIэм.

КъБР-м и щIы-промышленнэ комплексым зегъэужьынымкIэ щыIэ субсидиехэр зэрат щIыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэригъуэтынур жиIащ КъБР-м мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Шэт МэчрэIил**. Нэхъыбэу ахэр ехьэлIащ кIэртIофымрэ нэгъуэщI хадэхэкIхэмрэ гъэбэгъуэным. Проектыр гъэзэщIэным текIуэдэну мылъкур щыгъэбелджылащ КъБР-м 2023 гъэм тещIыхьа и бюджетым.

КъБР-м и Правительствэм мылъку дэдзыха иIэщ щIыуэпсым е техникэм епхауэ къэхъу гузэвэгъуэхэм къарикIуахэр гъэзэкIуэжыным тригъэкIуадэу. Абы и къэгъэсэбэпыкIэм щIэуэ халъхьэр игъэбелджылащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим**.

КъБР-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Ащхъуэт Ислъам** тепсэлъыхьащ телекоммуникацэмкIэ Iуэхутхьэбзэ зыщIэ лэжьапIэ IэнатIэхэм яIэ хэхъуэм щхьэщатыкI налогыр къызэрыратыж щIыкIэм.

ЗэIущIэм щыхэплъащ республикэм и цIыху хуэмыщIахэм зэрадэIэпыкъунум теухуауэ ягъэбелджыла проектищым. Абыхэм къытеувыIащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкIэ и министр **Асанов Алим**.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм гъатхэ вэн-сэным зыхуагъэхьэзыр.**

ЩIЫНАЛЪЭ унафэщIхэм дызэрыщагъэгъуэзамкIэ, мы гъэм гектар мин 223-рэ хасэн хуейуэ къапэщылъщ. Гъатхасэр къызыхуэтыншэу къэрахьэлIэн папщIэ псом ящхьэу щIыгъэпшэрхэмкIэ зыкъызэгъэпэщын хуейщ: ар къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэм зыпащIэ, уасэмкIэ зэгуроIуэ. Куэдыр зэрыщыгъуазэщи, щIыгъэпшэрхэм я уасэр зэрыдэкIуеяр мэкъумэшыщIэхэм къатехьэлъащ. Мэкъумэш техникэр, жылапхъэхэр лъапIэ зэрыхъуар къэплъытэмэ, зэрызащIигъэкъуэнур хэкIыпIэ яхуэхъуну узыгъэгугъэщ.

Псалъэм папщIэ, Май щIыналъэм и мэкъумэш предприятэхэм ящыщ зым, гъатхасэм нэмыс щIыкIэ, трактору, комбайну, нэгъуэщI мэкъумэш техникэу 60 зэригъэпэщыжыну къалэн зыщищIыжащ. ЗэрыфщIэщи, Май щIыналъэм и СХПК-хэр республикэм щынэхъыфIхэм хабжэ. Абыхэм сэкъат зыгъуэта техникэр зрагъэпэщыж къудей мыхъуу, зы илъэси къанэркъым а яIэм щIэрыщIэу къыхамыщахуэу: куэд щIакъым гъатхасэм къахуэсэбэпыну трактору 5 къызэращэхурэ.

Къапщтэмэ, ди республикэм и мэкъумэш IуэхущIапIэхэм, къэралыр я дэIэпыкъуэгъуу, трактори 100-м щIигъу къащэхуащ.

**• Мэкъумэш IэнатIэ**

# ГугъапIэфIхэр щыIэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министерствэм дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, мэкъумэш IуэхущIапIэхэм я зыужьыныгъэм хуэгъэпса къэрал проектым хиубыдэу ди республикэм сом мелуан 72,87-рэ къыIэрыхьэнущ. Ар нэхъыбэу тегъэщIащ хадэхэкI, гъавэ жылапхъэфIхэр къэщэхуным, щIым елэжьыным. ЗыдэIэпыкъунухэм яхэтщ мэкъумэш IэнатIэ инхэри, ику итхэри, цIыкIухэри, мыпхуэдэ лэжьыгъэм тэмэму бгъэдэт уней хьэрычэтыщIэхэри.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**







# ЩIалэгъуалэм я жэрдэмхэр дaIыгъ

**●Зэхыхьэхэр**

**«Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм щIыпIэхэм къыщызэригъэпэщ Iуэхузехьапiэхэм ящыщ зы Къэбэрдей-Балъкъэр волонтёр зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ центрым иджыблагъэ къыщызэIуихащ. Жылагъуэ жэрдэмхэр щIэх-щIэхыурэ щIыналъэм къыщыхэзылъхьэ волонтёр щIалэгъуалэм я пэхуэщIэхэм (проектхэм) гъуэгу етыныр къэрал гукъэкIым зыхуигъэувыж къалэнхэм язызу зэрыщытыр къэплъытэмэ, зэгухьэныгъэщIэм и Iуэхузехьапiэр къызэIухыным центрым мыхьэнэшхуэ иритащ, хуэфащэ махуэщIи ирищIылIащ.**

ГУФIЭГЪУЭ зэхуэсым кърихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министр **Лу Азэмэт**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Мысост Екатеринэ**, Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я «Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Шыпш Аслъэн**, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэ икIи волонтёр зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм щеджэхэр.

ЗэIущIэр къызэIузыха Лу Азэмэт зэрыжиIамкIэ, «Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэ» щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэр щIэблэр жылагъуэ лэжьыгъэм хэгъэсыхьынымкIэ, цIыхубэм яхуэщхьэпэн жэрдэму къыхилъхьэхэм гъуэгу ягъуэтынымкIэ Iэмалыфiщ.

- Ди хэгъэгум щылажьэ щIалэгъуалэ зэхуэсхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэм иужьрей мазэхэм мызэ-мытIэу саIущIащ икIи хьэкъыу спхыкIащ гупсысэ дахэ зиIэ, зэфIэкI нахуэхэр зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэ куэд зэрыдиIэр. ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэн икIи къащыжын хуейщ, жыдоIэ. Апхуэдэу щIалэгъуалэми, я ныбжьым емылъытауэ, дунейпсо хасэхэми къэрал къулыкъущIапIэхэми кърахуэ хуитыныгъэхэр яIэщ, IэнатIэ пэрытхэм къыщыжын икIи гъащIэм тепщэ щащIын хуейуэ. ЩIалэгъуалэм утыкум кърахьэ гупсысэхэм уащыщIэдэIукIэ, зыхыбощIэ абыхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, бгъэзэщIэну иужь уихьэмэ, жылагъуэм и псэукIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зыкъригъэгъэзэну зэрыщытыр. Гулъытэ зыгъуэтыпхъэ сыт хуэдэ жэрдэмми, псалъэми, гупсысэми зэфIэхыпIэ яIэмэ, гъащIэм хыупщэну Iэмал иIэмэ, кIуэрабгъухэм еплъыныр Iэмалыншагъэщ. «Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэр» Урысейм и дэнэ щIыпIи къыщызэрагъэпэщ зэгухьэныгъэшхуэщ. Абы Iэмалышхуэ иIэнущ и макъыр къэрал унафэщIхэм я деж нэсыным теухуауэ. Абы къыхэкIыу спортыр, гъуазджэр, щэнхабзэр е щIэныгъэр зыфIэфIхэм а IэнатIэхэм щаIэ ехъулIэныгъэхэм адэкIэ зрагъэужьынымкIэ хэкIыпIэфI яIэ хъунущ. КIэщIу жыпIэмэ, щIалэгъуалэр зыузэщIыпIэ ихуэнущ. ЖыпIэнуращи, зэщIэхъееныгъэм зыхуигъэувыж къалэнхэм хохьэ щIэблэм зыкъегъэгъуэтыжыныр, гуращэ хэхам телажьэу зригъэузэщIыныр, иIэ хъуэпсапIэхэр нахуапIэ ищIыфу иригъэсэныр.

«Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэр» къызэрыунэхурэ куэд щIакъым, Урысейм и щIыпIэ куэдым щылажьэ сабий икIи ныбжьыщIэ зэгухьэныгъэ 24-р къызэщIэзыубыдэ зэгухьэныгъэщ. Абы и лэжьыгъэр зыфIэхьэлэмэт дэтхэнэ зыми Iэмал иIэнущ унэтIыныгъэ 12-м и зэфIэкIхэр щигъэунэхуну, и жэрдэмхэр абдеж къыщыхилъхьэу пэхуэщIэ нэсу зэфIигъэувэну. Хэти езым и гум пэблагъэ, и псэм ехуэбылIэ Iуэхур зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм хигъуэтэну къытщохъу. Шэч хэлъкъым, къэралпсо мыхьэнэ зиIэ зэщIэхъееныгъэм ущыхыхьэкIэ, къалэн пыухыкIахэри пхьынущ. Псалъэм папщIэ, щIалэгъуалэм тхылъымпIэхэм Iэ щIадзынущ, абыкIэ хьэкъ зэриIэм, утыку зэрихьа Iуэхугъуэхэр зэфIихыну и фIэщу зэрыщытым щыхьэт техъуэу. Абы, арыххэуи, щIалэгъуалэр балигъ щытыкIэм ирегъэувэ, щыпсэу къалэм, хэгъэгум, къэралым мыхьэнэ зэрыщиIэр зыдищIэжу къегъэтэдж. ЩIалэгъуалэм я закъуэу, щIэгъэкъуэн ямыIэу зэи закъыщыхъуж хъунукъым. «Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэм» хэтхэр зыч-зы бжэгъуу зэкъуэт гупышхуэщ, дэтхэнэ зы еджакIуэм е студентым и щIыб къызэрыдэтыр зыхезыгъащIэ хасэщ. Гурэ псэкIэ сынывохъуэхъу зи гуращэм жану хуэкIуэ, ар зэщIа хъун папщIэ жыджэру лажьэхэм ящыщ фыхъуну, къывэпщIэкIа фи ныбжьэгъулэжьэгъухэм фэркIэ фIэщхъуныгъэ яIэу зывужьыну. Дэ сыт щыгъуи щIэгъэкъуэн дыфхуэхъунущ, - жиIащ Лу Азэмэт.

Мысост Екатеринэ зэIущIэм хэтхэм министрым и цIэкIэ фIэхъус гуапэ яриха нэужь къыхигъэщащ «Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэм» гугъапIэшхуэхэр зэрырапхыр, егъэджэныгъэ IэнатIэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм фIы и лъэныкъуэкIэ зрагъэужьыну зэрыщыгугъыр.

- ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, зэгухьэныгъэр ди щIыналъэм щыпсэу сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я мызакъуэу, къэралым ис щIалэгъуалэ псом я дежкIи Iэмалыфiщ. Зым и дежкIи щэхукъым цIыхум и къэкIуэнур езым и Iэ зэрилъыжыр, и гъащIэр зэрыкIуэну щIыкIэм и унафэр зэрищIыжыр. Ар хуитыныгъэхэм ящыщщ. Ауэ куэдрэ къэхъуу пIэрэ гуращэхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ я унэтIакIуэ жылагъуэмрэ къэралымрэ щыхъу?! Апхуэдэ къэхъуркъым жыдмыIэми, зэзэмызэххэщ апхуэдэ ущыхуэзэр. ЩIалэгъуалэм щхьэхуещагъ яхэлъ хабзэкъым, я гупсысэхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ къабзэщ. Арагъэнущ щIалэгъуалэм ядэIэпыкъуныр, я гуращэхэм гъуэгу етыныр щIэIэмалыншэр. Егъэджэныгъэ IэнатIэр тхэнымрэ еджэнымкIэ цIыкIухэм ират есэныгъэ закъуэм зэрытемытыжрэ куэд щIащ. Дунейм и зэхэлъыкIэм ехьэлIауэ абы бгъэдалъхьэ щIэныгъэм иджы интеллект IэрыщIыр къыхохьэ, бжыгъэр зи тегъэщIапIэ гупсысэхэмрэ технологиехэмрэ хэухуэна мэхъу. А зэхъуэкIыныгъэхэм фIэкIыпIэ имыIэу сабийм и щхьэр ягъэлажьэ, пэхуэщIэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуешэ. Убалигъыу, уегъэджакIуэу икIи уунэтIакIуэу, абыхэм гулъытэ яхуумыщIыныр, гъуэгу иумытыныр игъуэджэщ. Еджэныгъэм пыщIа программэхэр ягъэзащIэурэ ди щIэблэм узыщыгуфIыкIын щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI, ахэр цIыхубэм я деж нэсын зэрыхуейр хьэкъ къыпщащIу. «Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэм» еджапIэм и Iэр къызыпемыкIуэкI куэд хузэфIэкIынущи, гъуэгу махуэ теувэну си гуапэщ, - жиIащ Мысост Екатеринэ.

Зэгухьэныгъэм дызытехьэ мазэм IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэмрэ щIэныгъэ гуэдзэ щрат еджапIэхэмрэ, волонтёр центрхэм щIыпIэ къудамэ зыбжанэ къыщызэIуихыну и гугъэщ. КъызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIамкIэ, лэжьыгъэр зэтеубла хъуа нэужь, курыт еджапIэ щитIым щIигъум апхуэдэ къудамэхэр щылэжьэнущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я «Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэр 2022 гъэм дыгъэгъазэм и 18 - 20-хэм Мэзкуу щекIуэкIа Урысейпсо щIалэгъуалэ зэхуэсым къыщызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы щыгъуи зэщIэхъееныгъэр зытелэжьэну унэтIыныгъэ 12-рэ лъапIэныгъэ 11-рэ яубзыхуат, абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, «ФIымрэ захуагъэмрэ», «Унагъуэ лъэщ», «Псэкупсэ гъэсэныгъэ», «ГъащIэмрэ цIыхум и пщIэмрэ» жыхуиIэхэр. Зэхуэсым хэтхэм нэхъыщхьэу къалъыта Iуэхугъуэхэм ящыщщ «ЦIыхуу щытын», «Сыт щыгъуи зэкъуэтын», «ИпэкIэ кIуэн», «Япэ итын» жэрдэмхэр. Зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм хыхьэ хъунущ курыт еджапIэхэм щIэсхэри, IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ зэрызрагъэгъуэт программэхэр зыгъэзащIэ студентхэри, лэжьыгъэ IэнатIэ пэрыт щIалэгъуалэри.

**ШУРДЫМ Динэ**.

# ЩIэблэм и узыншагъэм тращIыхьу

**ПэщIэдзэ классхэм щеджэ цIыкIухэм ерыскъы хуабэ ирагъэшхыныр ди республикэм и курыт еджапIэхэм хабзэ дахэ щыхъуащ.**

АР жытIэ щхьэкIэ, нэхъ пасэ зэманхэми шэджагъуашхэ ирагъэщIу къекIуэкIащ сабийхэм. Абы папщIэ еджапIэ пщIантIэхэм унэ щхьэхуэхэр дэтт е цIыкIухэр щрагъаджэ класс пэшхэм хущIахьэрт. Ар куэди хъуртэкъым - хьэнтхъупс, фошыгъу шей, езы пщафIэхэм ягъэжьа щIакхъуэ, мыIэрысэ зырыз... КъызыхэкIа щхьэусыгъуэри мыгурыIуэгъуэу, ар иужькIэ зэпагъэужауэ щытащ. ПэщIэдзэ классхэр ерыскъы пщтыркIэ къызэгъэпэщыныр езы сабийхэмкIи адэ - анэхэмкIи куэд и уасэщ.

А Iуэхур хъарзынэу щызэтраублащ Бахъсэн къалэм. 1 - 4-нэ классхэм щеджэ сабий 4325-р пщIэншэу ягъашхэ. Псоми ялъагъуу шхапIэм фIэлъщ махуэм цIыкIухэм ирагъэшхыну ерыскъыр зыхуэдэр, щIэлъ къэуатыр зыхуэдизыр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ. Абы имызакъуэу, ахэр ерыскъыкIэ къызэрызэгъэпэщам теухуа псори «Ерыскъы пщтыр» фIэщыгъэм щIэту школ къэс я Интернет напэкIуэцIым хэткIи зэIухауэ итщ.

Сабийхэм ирагъэшх лыхэкI, бдзэжьей, гъэшхэкI, пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI. Ерыскъы лIэужьыгъуэхэр щIэх - щIэхыурэ яхъуэж, я щIэщыгъуэ имыкIыным, витамин нэхъыбэ зэраIэрыхьэным теухуауэ. Сабийхэм ирагъэшхыр зыхуэдэм къэпщытакIуэхэр ткIийуэ кIэлъоплъ: лыхэкIхэм Iэщ дохутырым къарита тхылъ щIыгъущ, къэкIыгъэ (пальмэ) дагъэр зыхэлъ шхыныгъуэхэм къахэбгъуэтэнукъым. ЩIэблэм я узыншагъэр яхъумэну яужь зэритым, шэч хэмылъу мыхьэнэшхуэ иIэщ езы цIыхухэми жылагъуэми я дежкIэ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ**.

# Мы махуэхэм

**Мазаем и 4,**
*щэбэт*

**♦Лыш узыфэм пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1932 гъэм** къалъхуащ журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Белгъэрокъуэ Евгение**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мэлбахъуэ Елбэрд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щIыIэр градуси 4 - 3 щыхъунущ.

**Мазаем и 5,**
*тхьэмахуэ*

**♦Урысейм ягу къыщагъэкIыж зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда дипкурьерхэр (дипломат къулыкъум и пощтхэр къезышэкIхэр).**

♦**1960 гъэм** Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и Урысей университетыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым илъэс куэдкIэ щылэжьа, УФ-м и цIыхубэ артист **Токъуий Хъусен**.

♦**1928 гъэм** къалъхуащ журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тэрчыкъуэ Исуф**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щIыIэр градуси 3 щыхъунущ.

**Мазаем и 6,**
*блыщхьэ*

**♦ЦIыхубзхэм я узыншагъэм зэран хуэхъу операцэхэр емыгъэкIуэкIыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1918 гъэм** Урысейр григориан махуэгъэпсым зэрыхуэкIуэм теухуа декрет къыдэкIащ.

♦**1935 гъэм** «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым Советхэм я VII съездым и делегатхэм папщIэ Москва и Театр Иным концерт щитащ.

♦**1923 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Тэмазэ Маржэнэт**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ СССР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и отличник, КъБР-м и цIыхубэ дохутыр **Тембот Мухьэмэд**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ хьэрычэтыщIэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Сэбаншы Назми**.

♦**1975 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, журналист, дохутыр **ПщыукI Латмир**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2 - 1, жэщым градуси 3 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Умыщlэм ущIэупщIэныр емыкIукъым.**

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр





# Коммунист партым къикIуа гъуэгуанэр

**Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм щагъэлъагъуэ «КПРФ: история и современность» выставкэр. Ар траухуащ УФ-м и коммунист партыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэрырикъум.**

КПРФ-м и республикэ къудамэм и япэ секретарь, КъБР-м и Парламентым и депутат Пащты Борис выставкэр къыщызэIуихым жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и коммунистхэми ирагъэкIуэкIыну Iуэхухэм библиотекэм щекIуэкI гъэлъэгъуэныгъэр ящыщ зыуэ зэрыщытыр.

- КПСС-р лъэлъэжа нэужь, КПРФ-р къэунэхуащ. Жэрдэм зыщIа гупыр партыр зэгъэпэщыжыным и ужь ихьащ. ЛэжьакIуэхэм я хуитыныгъэр хъумэным, я Iуэху дэгъэкIыным пытщэныр къалэн зыщытщIыжащ, - жиIащ Пащтым. - КПРФ-м и тхыдэм уриплъэжмэ, УФ-м и Президент Ельцин Борис абы и лэжьыгъэр мызэ-мытIэу къызэтригъэувыIауэ щытащ. Иужьрей илъэсхэм партым Iуэху щхьэпэ куэд зэфIигъэкIащ, зэманым псори и пIэм зэрыригъэувэжым и нэщэнэу.

Лъэпкъ библиотекэм и унафэщI Емуз Анатолэ жиIащ япэщIыкIэ ар октябрёнокыу, пионеру, комсомолым хэту, партым здиунэтIымкIэ кIуэ лэжьакIуэу къызэрекIуэкIар, республикэм и Iэтащхьэу щыта, библиотекэм зи цIэр зэрихьэ Мэлбахъуэ Тимборэ и гъащIэмрэ гуащIэмрэ зэрыригушхуэр.

- ГъащIэм зихъуэжми, комсомолым щIэблэр зыщIипIыкIа лъапIэныгъэхэм захъуэжыркъым: Хэкур фIыуэ лъагъуным, къэралым зегъэужьынымрэ егъэфIэкIуэнымрэ хэлъхьэныгъэ хуэщIыным. Совет цIыху минхэм илъэс пщIы бжыгъэхэмкIэ я гъащIэ школу къекIуэкIа комсомолыр Хэкум и тхыдэм IуэхуфIхэмкIэ къыхэнащ, - жиIащ Емузым.

«КПРФ-р - Хэкур фIыуэ зылъагъухэм я партщ!» - къыхагъэщырт гъэлъэгъуэныгъэм зыкърезыгъэхьэлIахэм.

- КПРФ-м ди щIыналъэм щиIэ къудамэм гъуэгуанэ гугъу къикIуащ, ауэ партым и Комитет Нэхъыщхьэм ди лэжьыгъэм и пщIэр къелъытэ. Ди IуэхущIапIэр нобэ къаруущIэщ, ауэ лэжьакIуэ нэхъыбэ къыткъуэувамэ, партым и къаруми и пщIэми хэхъуэнут. Ар зэманым къигъэув Iуэхущ. Библиотекэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ фхуэфащэщ выставкэ щхьэпэр къызэрызэвгъэпэщам папщIэ, - жиIащ КПРФ-м и республикэ къудамэм и секретарь Къумал Заурбэч.

Партым и ветеран Саракаев Мухътар къытеувыIащ Мэлбахъуэ Тимборэ и фIыгъэкIэ, КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр, 1993 гъэм мазаем и 14-м къызэрызэрагъэпэщам ар ехъулIэныгъэу зэрыщытам.

Лъэпкъ библиотекэм и лэжьакIуэ Харенкэ Светланэ выставкэм къэкIуахэр хигъэгъуэзащ абы щагъэлъагъуэ, щIэупщIэ зиIэ, щIэблэм яхуэщхьэпэ лэжьыгъэхэм, парт IуэхущIапIэм и гуащIэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа цIыхухэм ятеухуа тхылъхэр, брошюрэхэр, газетхэр, журналхэр, медалхэр, сурэтхэр, саугъэтхэр яригъэлъэгъуащ.

Выставкэм къекIуэлIахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ Ленин Владимир и фэеплъу библиотекэм щахъумэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

# Дуней тетыкIэ дахэ зиIа Iусейн Олег

**Актёр цIэрыIуэ, журналист Iэзэ Iусейн Олег и фэеплъ пшыхь иджыблагъэ Налшык щекIуэкIащ. Абы утыку къыщрахьащ Олег теухуа гукъэкIыжхэр щызэхуэхьэса «Внутренний огонь» тхылъыщIэр.**

КОРОНЭ уз бзаджэм и зэранкIэ, Олег 2021 гъэм и шыщхьэуIу мазэм дунейм ехыжащ. Ар зигу къеуа и ныбжьэгъухэмрэ зыцIыхуу щытахэмрэ мы тхылъыр дунейм къытрагъэхьащ.

ЗэIущIэр къызэIуихащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, БизнесымкIэ институтым и къызэгъэпэщакIуэ **Хъурей Феликс** (тхылъыр дунейм къытехьэнымкIэ жэрдэм зыщIахэм ящыщщ).

- Псэужамэ, мы махуэхэм Олег и ныбжьыр илъэс 70 ирикъунут. И махуэм ирихьэлIэу, тхылъыр хьэзыр зэрыхъуар и фIыгъэщ мы IуэхумкIэ акъылэгъу, дэIэпыкъуэгъушхуэ къытхуэхъуа Котляров Виктор.

Олег зыцIыхуу щытахэм ящIэж гупсысэ жан, акъыл куу, гъэсэныгъэ дахэ зыхэлъа а цIыху гумащIэм зыпэрыхьэ Iуэхур и кIэм нигъэсу, къимыкIуэту зэрыщытар, - жиIащ Хъурей Феликс къыщыпсалъэм.

ТхакIуэ, журналист, редактор **Котляров Виктор** абы и псалъэхэм къыпищащ:

- Олег зыцIыхуу щыта дэтхэнэми ар гурэ псэкIэ къабзэу, гуапэу зэрыщытар къыхагъэщ. А гукъэкIыж дахэхэращ тхылъым лъабжьэ хуэхъуари. Тхылъыр къызэрыдагъэкIыну мылъкум и нэхъыбэр Хъурей Феликсрэ Къумыкъу Азэмэтрэ къыхалъхьащи, абыхэми фIыщIэ яхудощI.

Дрогушхуэ Олег хуэдэ актёр гъуэзэджэ, журналист Iэзэ зэрытцIыхуам, - жиIащ Котляровым.

АдэкIэ утыкум къыщыпсэлъащ тхакIуэ, журналист **Терехов Игорь**.

- Сэ схуэдэу гъунэгъуу Олег зыцIыхуа куэд къыфхэту си фIэщ хъуркъым. «Мэкъумэш-техникэ» IуэхущIапIэм Олег и




● Фэеплъ пшыхь



щхьэгъусэ Аллэрэ сэрэ дыщызэдэлажьэрти, абы дызэригъэцIыхуат. Олег журналистикэм къыхыхьа иужь, ныбжьэгъу дызэхуэхъури, дызэдэлэжьащ.

Ар дунейм зэрехыжар гущIыхьэ сщыхъуа къудейкъым, си гъащIэм щыщ Iыхьэ схэщIащ. Абы дуней тетыкIэ дахэ иIащ, зэи сигу имыхуну.

КъБР-м и Парламентым и депутат **Пащты Борис** Олег и гъусэу театр студием хэтауэ зэрыщытам тепсэлъыхьыжащ.

- Псоми дгъэщIагъуэу дыкIэлъыплъырт Олег и цIыху щIыкIэм. Зэ еплъыгъуэкIэ ар цIыху щабэт, ауэ щыхъукIи, ерыщу и псалъэм тет, жиIам тебгъуэтэж лIыт.

КъБКъУ-м и доцент **Кумыщ Риммэ** псалъэ щратым Олег и гъусэу «Северный Кавказ» газетым зэрыщылэжьам тепсэлъыхьащ.

- Абхъаз зауэм щыщIидзам, ар етIуанэ махуэм абы кIуат. ЦIыху пэжт, гъэсат, зэфIэкI зиIэт. Олег къытхэмытыжу схужыIэнукъым, абы теухуауэ къытхуэна гукъэкIыжхэр ди гъащIэм и Iыхьэщи.

Iусейным теухуауэ а пщыхьэщхьэм къэпсэлъащ «РИА КБР» хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэм и корреспондент **Цагоев Игорь**, КъБР-м и цIыхубэ артист, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и унафэщI **Балъкъэр Юрий**, артистхэу **Кузнецовэ Иринэ**, **Мыд Гусман** сымэ.

Пшыхьым щагъэлъэгъуащ Олег зыхэта кинофильмхэм щыщ пычыгъуэхэр.

«Внутренний огонь» тхылъым теухуауэ. ЗэрыжытIащи, Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ ар. Абы Олег театрым къыщыдэлэжьахэм, и ныбжьэгъухэм, зыцIыхуу щыта журналистхэм я гукъэкIыжхэр щызэхуэхьэсащ. КъищынэмыщIауэ, къыдэкIыгъуэм щыбгъуэтынущ илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм Олег газетхэмрэ журналхэмрэ къытригъэдза тхыгъэхэр, спектаклхэмрэ кинофильмхэмрэ хуищIа рецензэхэр. Апхуэдэу тхылъым ихуащ Олег и IэдакъэщIэкI пьесэхэм щыщу «Угасающий огонь или Он должен жить» зыфIищар, тхыдэр зи лъабжьэ очеркхэр, нэгъуэщIхэри.

Олег къаугъэншэт, ауэ игу илъыр имыбзыщIу жызыIэф, зи Iуэху еплъыкIэ зиIэж цIыхут. Апхуэдэущ ар и ныбжьэгъухэм ягу къызэринэжар.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и прокуратурэм

# Куэдым тепсэлъыхьащ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Хабаров Николай Лэскэн щIыналъэ администрацэм щахуэзащ районым и хьэрычэтыщIэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэм. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ къэрал щIыб экономикэр щытыкIэ гугъу щит зэманым хьэрычэтыщIэхэр зэрыдэIыгъыпхъэм.**

IУЭХУМ хэтащ хьэрычэтыщIэ Iуэху зезыхуэу 30-м щIигъу, ЩIыналъэм и хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэ **АфэщIыж Юрий**, Урысей НФС-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **ГуэбэщIыкI Аслъэн**, хьэрычэтыщIэ мащIэмрэ курытымкIэ «Опора России» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **Къылшыкъуэ Альберт**, республикэм и Сату-промышленнэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ **ГъукIэлI Мурат**, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр, Лэскэн район администрацэм и Iэтащхьэ **Инжыжокъуэ Сэфарбий** сымэ.

ЗэIущIэм щыхэплъащ налогхэмрэ абыхэм химыубыдэ адрей ахъшэмрэ бюджетым зэрыхалъхьэм, мэкъумэш лэжьыгъэ щхьэхуэхэм папщIэ субсидиехэмрэ грантхэмрэ зэрыхухах щIыкIэмрэ хабзэхэмрэ, мэкъумэш техникэ нэхъ инхэр ди щIыналъэм и автомобиль гъуэгухэм тету зекIуэн папщIэ хуит зэращI тхылъхэр зэрырат щIыкIэм.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэр щыгъуазэ ящIащ законодательствэм и Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм икIи кIэлъыплъыныгъэхэр къызэрагъэпэщыну упщIэ зыбжанэм ехьэлIа мыгурыIуэгъуэхэр зэхагъэкIынущ.

**УАРДЭ Жантинэ.**

ПІАПІШУ Мухьэдин:

# Іуащхьэмахуэ лІыгъэ гъэунэхупІэщ

*Іуащхьэмахуэ илъэс мелуан 15-м нэблагъэ къигъэщІауэ къалъытэ. Ижь-ижьыж лъандэрэ мы бгыр зы мыхьэнэ гъэпщкІуа гуэркІэ адрейхэм къащхьэщокІ. «Нарт» эпосым къызэрыхэщыжымкІэ, абы и щыгур я хэщІапІэу щытащ Тхьэ пэлъытэхэм. Европэм щынэхъ лъагэ бгы уардэм малъхъэдисым хуэдэу дуней псом и альпинистхэр зрешалІэ.*

*Іуащхьэмахуэ и къухьэпІэ щыгур хы псыІум метр 5642-рэ щхьэщыІэтыкІащ, къуэкІыпІэр - метр 5621-рэ мэхъу. ЩыгуитІым я лъагагъыр метр 21-кІэщ зэрызэщхьэщыкІыр. Абыхэм яку дэт уэхым (седловина) и лъагагъщ метр 5325-рэ.*

*Урысей Федерацэм и альпинистхэм я зэгухьэныгъэм и дэфтэрым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, Іуащхьэмахуэ гъэ къэс докІри къохыж бгырыкІуэу мини 10-м нэблагъэ. Аранэжьым укІэрыхьэныр апхуэдизу мыгугъуу, мышынагъуэу къызыщыхъухэр къопцІэ. Бгыжьым къыщекІуэкІхэм кІэлъыплъхэм зэрагъэхъыбарымкІэ, Іуащхьэмахуэ «ебгъэрыкІуэхэм» ящыщ 20 - 30 гъэ къэси хокІуадэ.*

*АтІэ Іуащхьэмахуэ и «хьэлщэнымрэ» удэкІыным пыщІа гугъуехьхэмрэ зыхуэдэр нэхъыфІу хэт ищІэн, абы и щыгум хэнейрэ иува ПІапІшу Мухьэдин нэхърэ?*

*ПІапІшу Мухьэдин Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1954 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэр къиуха нэужь, сэлэт къулыкъу ищІэну дэкІри, Германием щыІащ. Дзэм къикІыжащ сержант нэхъыщІэу. Ставрополь дэт еджапІэ нэхъыщхьэм спортым щыхуеджащ. Абы здыщІэсым, заочнэ зригъэщІыжри, Хьэбэз къуажэм дэт «Виток» заводым спортымкІэ унэтІакІуэу (методисту) уващ. Абы илъэс бжыгъэкІэ гугъу зыщригъэхьащ щІалэгъуалэр спортым дригъэхьэхыу, альпинист ныбжьыщІэхэр Іуащхьэмахуэ дэкІыным хуигъэхьэзырри, езыри яхэту, дишу.*

*АдэкІэ псалъэ еттынщ езы альпинистым.*

**- Мухьэдин, Іуащхьэмахуэ дэкІыным куэд щІауэ упылъщ. Абы дауэ утегушхуа?**

- Ар зэрыхъуар мыращ. «Виток» заводым 1980 гъэм лэжьэн щыщІэздзат. Абы щыгъуэ Къэрэшей-Шэрджэсыр Ставрополь крайм хэтт. Бгы дэкІынымкІэ зэпеуэхэр ирагъэкІуэкІырт. ЩІалэхэмрэ пщащэхэмрэ бгы щхьэдэхыпІэхэм техьэрт, Хэку зауэшхуэр щекІуэкІа щІыпІэхэр къахутэрт, фэеплъ сынхэр щагъэувырт. Заводым щыщ ди гупри а Іуэхухэм хыхьэ хъуащ. АбыкІэ фІыщІэ ин бгъэдэлъщ Даур Рашид.

Апхуэдэурэ крайм увыпІэфІхэр къэтхьу щІэддзэри, дытегушхуащ Іуащхьэмахуэ дэкІыным. 1990 гъэм гъэмахуэм Къущхьэ Мухьэмэд, Жантемыр Олег, Жу БетІал, Даур Мусэ, Цекъуэ Аслъэн, сэри сахэту, гуп дызэрыгъэхъури, Іуэхум иужь дихьащ. ЗэращІэжщи, 90 гъэхэм псори зэпэубыдауэ щытащ. Дэ апхуэдизкІэ бгы дэкІыным дыщІэхъуэпсырти, абыи дыкъигъэувыІакъым. ДызэрыдэкІыну фащэри, Іэмэпсымэхэри, гъуэмылэри, псори ткІэрыщІауэ автобус тедзэкІэ Черкесск дыкъэкІуащ. Абы дикІри, Бахъсэн дыкъыщыхутащ. АдэкІэ ди лъэр Тырныауз нэтхусащ, итІанэ - Терскол... Абдежрат Іуащхьэмахуэ зэрыдэкІ «классикэ» гъуэгуанэм щыщІидзэр.

**- Псыжьыщхьэ ХъудескІэ щхьэ фыкІэрымыхьарэ?**

- Абы щыгъуэ ар дигу къэкІакъым. ИужькІэ абыкІи дыкІуащ. Ауэ зи гугъу сщІы зэманым Терскол дыщежьэри, 11-м я хэщІапІэ (приют) жыхуиІэм нэс дыдэкІащ. Ухуэныгъэ тІэкІур къезыгъэжьар нэмыцэхэр арати, ирахужа нэужь, къэнауэ щытт, щхьэи темылъыжу...

**- Абдежым сыт и лъагагъ?**

- Метр 4200-рэ. Ар Европэм и бгы екІуэлІапІэ псоми я нэхъ лъагэ дыдэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Къущхьэ Мухьэмэд къыджиІащ: «Бгы дэкІыным тхьэмахуэкІэ зыхуэвгъэхьэзырын хуейщ. Ауэ фэ лъэсу мыбы нэс фыкъэкІуащи, ари пІалъэм хохьэ. Абы къинэмыщІауэ, фыузыншэщи, зывмыІэжьэу ныжэбэ фыкІэрыхьэмэ, нэхъыфІщ. Дунейр къызэІыхьэнкІэ мэхъу...»

**- Уи ІэпкълъэпкъпщыкІутІыр хуумыгъэхьэзырауэ укІэрыхьэмэ, сыт къыпщыщІынур?**

- Гунэщ Іу аркъэ бащырбэ бгъэщІейрэ ипфмэ, сыт къыуищІэнур? Мис абы ещхь щытыкІэм уригъэувэнущ. Зыри къыбгурымыІуэжу, уи жеин къакІуэу укъонэ... Уи щхьэр уназэу бгы щыхупІэм уехуэхынкІэ, мыл зэгуэчыпІэм удэхуэнкІэ зыми хуэІуакъым. ЖэщкІэ дыкъызэщыут, жьы дымыгъуэту, ди пэр, ди жьэр Іуаубыдэу яІыгъам хуэдэу. АтІэ, а лъагапІэм и хьэуам лъышэу (кислороду) хэтыр хуэдищкІэ нэхъ мащІэщ, и лъащІэм щыІэм нэхърэ. Сытми, къуэкІыпІэ щыгум дыдэкІри, дыкъехыжащ гугъехь леи дыхэмыту. Уэси къыттесат...



Ди псэлъэгъухэр

**- И щхьэщыгу дыдэм фызэрыдэкІар дауэ къэфщІа?**

- ЩыгуитІми (къуэкІыпІэми къухьэпІэми) мывэ щызэтекІутауэ телъщ. Абы пІатІрон зэтеІуэнтІа хэлъщ, япэу дэкІахэм я тхылъымпІэ илъу. Дэ тхьар итлъхьэри, модрейхэр къетхьэхыжащ. Дыдейр ди яужь дэкІхэм кърахьэхыжынущ, езыхэм ейр иралъхьэнурэ. Сурэтхэри теттхащ. А псоми дахуэныкъуэнут, етІуанэ нагъыщэ (разряд) къызэрыдатынум теухуа тхылъ, мыхъур тегъэуэжауэ, тхуагъэхьэзырын папщІэ. Іуащхьэмахуэ удэкІмэ, нэхъыбэу къыуатыр етІуанэ нагъыщэщ. Нэхъ ин дыдэу еханэ нагъыщэ щІат бгыхэр щыІэщ. Псалъэм и жыІэгъуэкІэ, апхуэдэщ Сванетием ит Ушбэ бгыр.

**- Ар Іуащхьэмахуэ нэхърэ нэхъ лъахъшэщ...**

- Ауэ удэкІыну нэхъ гугъущ, апхуэдэу задэщи.

**- Мухьэдин, уэфІу Іуащхьэмахуэ и щыгум укъыщыхутэмэ, ди Кавказ хэгъэгур зэрыщыту плъагъуу къыщІэкІынщ...**

- Іуащхьэмахуэ и щыгум къыщегъэжьауэ хы ФІыцІэ Іуфэм и щІыпІэ нэхъ гъунэгъу дыдэм, Абхъазым и Очамчир къалэм нэс, километри 110-рэ дэлъщ. Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм и бгыхэр апхуэдизу лъагэкъым, Іуащхьэмахуэ къеплъыых цІыхум хы ФІыцІэр щагъэпщкІуфын хуэдэу. Махуэ уэфІым Іуащхьэмахуэ къеплъыых цІыхум хуиту елъагъу хы ФІыцІэмрэ абы тет кхъухьхэмрэ. Си щхьэкІэ зэ закъуэ мыхъуми си насып къихьащ Іуащхьэмахуэ и щыгум ситу, хы ФІыцІэм сыхэплъэну. Каспий хыр къыпхуэлъагъукъым, абы зэпымыууэ пшагъуэ щхьэщытщи. Кавказ Шытх Нэхъыщхьэр уи пщІантІэм дэтым хуэдэу уолъагъу. ГъэщІэгъуэныр аращи, Іуащхьэмахуэ абы хыхьэркъым. Бгыжь уардэу зи гугъу тщІыр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я зэпылъыпІэм деж щытщ, Куржымрэ абырэ я зэхуаку аргуэру Шытх Нэхъыщхьэр къыдэувэу.

**- Бгым дэкІахэр фыщыгъуазэт Іуащхьэмахуэ мафІэбгыу зэрыщытам? Шынэ фигу къихьакъэ?**

- Бгым ущыдэкІкІэ апхуэдизым уи акъылир хуэкІуэркъым. Ауэ сэ тхылъ зэхуэмыдэхэм сыщеджауэ сыщыгъуазэт ди бгы нэхъыщхьэм мафІэ жьэражьэ кърихыу зэрыщытам. Абы щыхьэт техъуэ куэд дыпэщІэхуащ дыщыдэкІми, и щыгу дыдэм дыщихьами. ЩІыпІэхэр иІэщ, гъуэзхэр щІым къыхихуу, мыл зэгуэчыпІэхэм къыдэкІыу, уеблэмэ и мэ гурымыхьыр къыпщІихьэу. Абы къинэмыщІауэ, бгы лъабжьэр мафІэ жьэражьэм зэрыпэмыжыжьэр къегъэлъагъуэ псы пщтырхэр (гейзерхэр) къызэрыщІэжым. Іуащхьэмахуэ и щыгу дыдэм уащыпэщІохуэ дзакІэ жанхэр зимыІэ псыхъуэ мывэм ещхь къырхэм. ГурыІуэгъуэщ ахэр бгыщхьэм ткІуаткІуэу (вулканическая лава) къызэрижар, иужькІэ упщІыІужу базальту зэрыжыжар.

**- ФыщыдэкІым фештэкъэ?**

- Іуащхьэмахуэ дэкІ гъуэгур тыншкъым. Сэ хэрэ сыдэкІати, щэнейрэ уэсым, жьапщэм сыхиубыдащ. Апхуэдэм деж псоми ухуэхьэзырын хуейщ. ГъущІыдзэ зыІут шырыкъухэр плъыгъын хуейщ, мыл зэгуэчыпІэм уцІантхъуэу удэмыхуэн щхьэкІэ. Абы метри 100-м нэс щикууагъ щыІэщ. Тхьэм жимыІэкІэ, абы удэхуэмэ, къегъэлакІуэхэр хэмыту укъызэрыдахыжыфын Іэмал щыІэкъым. Абыхэми яхузэфІэмыкІынкІи мэхъу. Уэсыр ткІумэ, псы долъадэри дощтыхьыж... Уэс къыщесагъащІэм деж апхуэдэ зэхуакухэр къыщыхэмыщ щыІэщ. Ауэ ахэр ягъэнэхуагъэххэщ, щІыпІэ шынагъуэхэм деж нагъыщэхэр щагъэуващ. ЯпэщІыкІэ бгы къегъэлакІуэхэр щыгум докІри, гъуэгу хашар ягъэнаІуэ нэм къыщІидзэ шынагъуэншагъэ нагъыщэхэмкІэ.

Иджы Іэмал куэд зэрахьэ. Ауэ къегъэлакІуэхэм я Іуэхур елъытыжащ дунейм и щытыкІэм. Уэс къесмэ, жьапщэмэ, геликоптерми (жьыхулъатэ) зиІэтыфынукъым. Укърагъэлыным ущымыгугъыу, усакъмэ нэхъыфІщ.

Абы къинэмыщІауэ, къегъэлакІуэхэм уадэлэжьэн хуейщ. УдэкІыным ипэкІэ тхылъ уогъэхьэзыр, узэрыкІуэну гъуэгуанэри укъыщысыжынури иту. И чэзум укъэмысыжмэ, къегъэлакІуэхэм здэбунэтІар ящІэххэри, ахэр ныпкІэлъыкІуэнущ. УдэкІыну нэхъ шынагъуэншэр бадзэуэгъуэ-шыщхьэуІу (июль-август) мазэхэрщ. Абдежым уэсыр мэткІури, мыл зэгуэчыпІэхэр ІупщІу къыхощ.

Іуащхьэмахуэ ди хэгъэгум плъыру къыщхьэщыт къудейкъым, ар ди щІыналъэм и нагъыщэщ. Ар Тхьэм къыдитагъэнкІэ мэхъу ди цІыхухэм я лІыгъэ гъэунэхупІэу. Ди щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ Іуащхьэмахуэ дэкІыу егъэсэным, ар спорт лІэужьыгъуэ яхуэхъуным мыхьэнэ хызолъагъуэ.

**- Уэ, Мухьэдин, щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ альпинизмым дегъэхьэхынымкІэ щІыхуэ къыптенакъым. Иджыри ухьэзырщ зыкъыпхуэзыгъазэхэм чэнджэщэгъу уахуэхъуну. ЖытІам сыт къыщІыбгъужынт иджырей щІалэгъуалэм яхуэгъэзауэ?**

- Иджырей ныбжьыщІэхэр ди зэманым щыІахэм къащхьэщокІ. Абыхэм иджы Іуэхуу яІэр телефонрэ интернетрэщ. Спортым дихьэхми, нэхъыщхьэу гулъытэ зыхуащІыр зауэ-банэм епха лІэужьыгъуэхэрщ: бокс, самбо, дзюдо, джиу-джитсу... Абы зыри пыслъхьэркъым. Ауэ бэнакІуэр алэрыбгъум дакъикъэ зыбжанэкІэ йотри, къокІыж, Іуащхьэмахуэ удэкІыным сыхьэт бжыгъэ куэд токІуадэ, абы зыхуэбгъэхьэзырынри Іэпкълъэпкъыр къызэрымыкІуэу зыпсыхь Іэмалщ. Іуащхьэмахуэ дэкІыу къехыжар хьэршым кІуэуэ къэкІуэжам хуэдэщ. Іуащхьэмахуэ къэрабгъэрэ сымаджэрэ дэкІыфынукъым, абы къехыжар куэдрэ узыншэнущ икІи гъащІэм щыгъуэщэнукъым. Апхуэдэу щыщыткІэ, Іуащхьэмахуэ ди гъащІэ зэпэщымрэ узыншагъэмрэ я къэрэгъулщ. Ар къыдгурыІуэмэ, абы дэкІыным нэхъыбэу дытегушхуэнущ икІи нэхъ мащІэу дыщышынэнущ.

*Епсэлъар*
**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэщ,**
*Черкесск къалэ.*

● Мазаем и 4-р Лышх узыфэм пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ

# Пасэу еІэзэн щІадзэмэ...



**Лышхыр гъэхъужыгъуей узыфэ шынагъуэщ. Ауэ и чэзум къахута дэтхэнэ зы узыфэми хуэдэу, пасэу къапщІэмэ, куэдкІэ нэхъ тыншу пхуэгъэхъужынущ ар зэуэлІар, абы и Іэпкълъэпкъымзыщиубгъуным хунэмысу къыпхузэтегъэувыІэнущ.**

ЦІЫХУР нэхъыбэу зэрылІыкІ узыфэхэм я деж етІуанэ увыпІэр щиІыгъщ лышхым. Дуней псор зыщыщтэ уз шынагъуэм илъэс къэс цІыху мелуани 8-м нэблагъэ йолІыкІ. КъэпщытэныгъэхэмкъызэрагъэлъагъуэмкІэ, нэхъыбэу абы ихьыр зи ныбжь хэкІуэтахэрщ, илъэс 60 - 70-м итхэрщ. Апхуэдэу щытми, кІуэ пэтми узыфэ бзаджэм зыІэщІилъхьэ щІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я бжыгъэми хохъуэ. Медицинэ щІэныгъэлІхэм илъэс бжыгъэкІэрэ ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм я фІыгъэкІэ абы и Іэзэгъуэ зэхуэмыдэхэр къагъэнэхуащ, а лэжьыгъэм адэкІи къыпащэ.

Куэдым апхуэдэу къащыхъуми, лышхыр зыпкърыт цІыхур Іэмал имыІэу абы илІыкІын хуейуэ щыткъым икІи илІыкІыркъым. Узыр зэуэлІам игъуэт Іэзэгъуэм елъытауэ, ар пкърытуи илъэс куэдкІэ псэуфынущ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэдым я дежкІэ ар фІэщщІыгъуейщ, лышх шыкъырыр Іэпкълъэпкъымхэтмэ, абы уеІэзэкІи зыри пхуемыщІэну къалъытэу. ЦІыхухэм яІэ апхуэдэ еплъыкІэм зрагъэхъуэжын, узыфэм теухуауэ нэхъыбэ кърагъэщІэн папщІэ, Лышх узыфэм пэщІэтынымкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и жэрдэмкІэ а Іуэхум махуэ щхьэхуэ хухахащ. 2006 гъэм щегъэжьауэ мазаем и 4-р Лышх узыфэм пэщІэтыным и махуэу къокІуэкІ.

Лышх узыфэм щысхьрабгъу лъэпкъ имыІэу Іэпкълъэпкъымидэтхэнэ зы Іыхьэри еубыд, уеблэмэ зы пкъынэлъынэм икІыурэ апхуэдэ зыбжанэ къызэщІиубыдэфынущ. Дунейм псом нэхъ зыщызыубгъуауэ къалъытэр бгъэ лышх узыфэрщ, абы къыкІэлъыкІуэу ар нэхъ зыхуэлъэр тхьэмщІыгъурщ.

Германием щыІэ Гейдельберг къалэм дэт, Лышх узыфэхэмкІэ нэмыцэ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ центрым и унафэщІ, профессор Бауман Михаэль зэрыжиІэмкІэ, узыфэм и лІэужьыгъуэ 30-р къызыхэкІыр тутынырщ икІи нэхъ псынщІэу ар зэрыхыфІадзэным цІыхухэр къыхуреджэ. «Лышх узыфэм упэщІэтынымкІэ дэІэпыкъуэгъу хъарзынэу щыІэр къэуат зыщІэлъ ерыскъы узыншэмрэ спортымрэщ. Мис абыхэм гулъытэ нэхъыбэ хуэфщІ», - жеІэ нэмыцэ дохутырым.

УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм къызэригъэлъагъуэмкІэ, гъэ къэс лышх узыфэр япкърыту къахутэ цІыху мин 600-м нэблагъэ. 2017 гъэм Урысейм щызэхалъхьащ Лышх узыфэм пэщІэтынымкІэ лъэпкъ программэ щхьэхуэ. КъищынэмыщІауэ, ар «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектми щагъэнэхъыщхьэ Іуэхугъуэхэм ящыщщ. Хабзэ хъуауэ, илъэс къэс мазаем, Лышх узыфэм пэщІэтынымкІэ дунейпсо махуэм ирихьэлІэу, къэралым щрагъэкІуэкІ а Іуэхум хуэгъэпса зэхыхьэхэр, цІыхухэм узым зэрызыщахъумэным теухуа Іэмалхэр зэрырагъэщІэным хущІэкъуу, абы земыгъэубгъунымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм щагъэгъуазэу, гъащІэ узыншэ ирахьэкІыным къыхураджэу. Абы и лъэныкъуэкІэ ди щІыналъэм и медицинэ ІуэхущІапІэхэми лэжьыгъэ щхьэпэхэр къыщызэрагъэпэщ. Апхуэдэу мазаем и 4-м республикэм и Онкологие диспансерым «бжэ зэІухам и махуэ» щыІэнущ. ІуэхущІапІэм къекІуалІэхэм я узыншагъэр къапщытэнущ лышх узыфэхэм еІэзэ дохутыр Балъкъэр Беслъэнрэ УЗД-ІэщІагъэлІ БакІуу Викториерэ. Абыхэм цІыхухэм я щытыкІэр къапщыта нэужь, адэкІэ ящІэнум, зэрызыкІэлъыплъыжынум теухуа чэнджэщхэр иратынущ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэхъыбэм я узыр хэтІэсауэщ дохутырхэм зыщыхуагъазэр. ЩІэх-щІэхыурэ къызэрагъэпэщ профилактикэ кІэлъыплъыныгъэхэр сэбэпышхуэ мэхъу узыфэр и чэзум къахутэнымкІэ. ИщхьэкІэ къызэрыщыхэдгъэщащи, пасэу еІэзэн щІадзэмэ, цІыхур куэдкІэ нэхъ гъэхъужыгъуафІэ хъунущ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.**

# ЩIэныгъэм и лъагъуэхэш Шэпар зэшхэр

Тхыдэ

**Илъэсищэкlэ екlуэкlа Урыс-Кавказ зауэжьым лъэпкъым сыт хуэдиз хэщlыныгъэ къыхуимыхьами, щыlэныгъэм хуиlэ гукъыдэжыр хуэгъэкlуэсакъым. Къащlэхъуэ щlэблэм гугъэ халъхьэу, я дунейм игъуэта зэхъуэкlыныгъэхэм зрагъэзэгъыу псэуныгъэм пащащ. Зауэм и кlэм лъэныкъуитlыми къахуихьар хьэдагъэми, зэпэщlэта лъэпкъитlым къагурыlуэрт дяпэкlэ къызэдэгъуэгурыкlуэн зэрыхуейр, абы къыхэкlыу мамыру икlи къаугъэншэу къызэдекlуэкlыныр зэрыlэмалыншэр. Гъащlэм зэришэlа лъэпкъитlыр зэрыцlыхун хуейуэ lэнатlэ иуващ. Ар и щхьэусыгъуэу адыгэхэм гъунэгъу жылэхэм я щэнхабзэм зыщагъэгъуазэ, зрагъэгъуэта щlэныгъэр къызыхэкlа лъэпкъым и пащхьэ иралъхьэж хъуащ. Мащlэ-мащlэурэ цlыхубэр щlэныгъэм ешэлlэным, ар еджэнымрэ тхэнымрэ благъэ хуэщlыным къыхузэщlэушэ узэщlакlуэхэр лъэпкъым къыхэкlыу хуежьащ.**



ЗЭХЫХЬЭУ хуежьа лъэпкъхэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэхущытыкlэхэм КъурIэн еджэкlэм къищынэмыщlауэ, бзэри есэпри lэмалыншэу цlыхум ищlэн хуейуэ lэнатlэ иригъэувэрт. Япэхукlэ цlыхухэм урысыбзэр къайбгъэрыкlуэу, къахыхьа лъэпкъым динхъуэж яригъэщlыну къытегуплlэу къащыхъуащ. Ауэ урысыбзэ мащlэ зыщlэмрэ бжэкlэ-лъытэкlэм щыгъуазэмрэ я lуэхур зэрыдэкlыр щалъагъум, дуней щlэныгъэр щlэблэм щрагъащlэ еджапlэхэр зэрыщыlэн хуейм цlыхухэр къеувалlэу хуежьащ, я бынри урыс еджапlэхэм ират хъуащ.

Мы lэмалыншагъэр фlыуэ къызыгурыlуахэм ящыщщ адыгэ тхыдэм лъэужь дахэ къыхэзына, Хьэжрэт ХьэтIохъущыкъуейм щыщ Шэпар зэшхэри.

Жьэгукъутэ хъуа Къэбэрдейм икуэшыкlри, Урысейм къихьа псэукlэмрэ политикэмрэ къэзымыщтахэр Псыжь адрыщlкlэ щыlэ адыгэхэм я деж lэпхъуэгъат. Абыхэм Марэ, Марыхъу, Тебэрды, Уарп, Инжыдж, Лабэ псыщхьэхэр псэупlэ ящlащ. Лабащхьэ щетlысэхахэм ящыщщ Шэпархьэблэкlэ зэджэ къуажэр. Мы тхыгъэм зи гугъу щытщlыну Шэпар зэшхэри къызытекlыжар а къуажэр зыгъэтlысауэ щыта Шэпар Инусщ. Шэпар Инус дин щlэныгъэ Къэбэрдейм щызригъэгъуэта пэтми, абы ирилэжьэну игъуэ ихуакъым. Зыхиубыда лъэхъэнэр бзаджэти, lэщэр иlыгъыу и лъахэрэ и жьэгурэ ихъумэжын хуей хъуащ. Ар зыхунэмыса хъуэпсапlэхэр и быным адэкlэ гъащlэм щыхапщауэ жыпlэ хъунущ - зэшхэр ябгъэдэлъ щlэныгъэкlи, я цlыху щlыкlэкlи, я щыпкъагъэкlи Адыгэ Хэкум къищынэмыщlауэ, гъунэгъу хэгъэгухэми къыщацlыхуащ, цlыхубэм яфl зыхэлъ, я псэукlэр езыгъэфlакlуэ lуэхугъуэ куэдми я жэрдэмщlакlуэ хъуащ.

Шэпар зэшхэм ятеухуа къэхутэныгъэ куэд щыlэкъым. Тегъэщlапlэ тщlы lуэхугъуэхэри дызрихьэлlа тхыгъэ закъуэтlакъуэхэмрэ зэхуэтхьэсыжа lуэрыlуатэхэмрэ къыхэтхыжауэ аращ. Лъэпкъым зи гъащlэр щхьэузыхь хуэзыщlа, абы и пщlэр яlэту псэуа узэщlакlуэхэм я цlэм lулыдж игъуэтын, ар лъэпкъым и бзэм пылъын хуейщ. Мы тхыгъэ мащlэри зытелажьэр а гуращэращ.

Шэпархьэблэр зыгъэтlысауэ щыта Инус къуиплl къыщlэнащ: Садыкъ, Ахьмэд, Аслъэнбэч, lэмин сымэ. Щlалэхэм гулъытэ лъагэ яхэлъу, я щlалэгъуэ пасэм къыщегъэжьауэ я псалъэм пщlэ иlэу къекlуэкlащ. Нобэр къыздэсым Хьэжрэтым щыщ нэхъыжьыфlхэм чэнджэщ къапыпхыну уащыбгъэдыхьэкlэ, зы псалъэ гъэщlэгъуэн жаlэу зэхэпхынущ: «Си жыlэу чэнджэщ уэстын хьэмэрэ Шэпархэ я жыlэу чэнджэщ уэсхьэлlэн?» Фlэлlыкl ин зэраlам и щыхьэт дахэщ а псалъэр.

Щlэныгъэр фlыуэ зылъагъу адэм и къуитlыр - Садыкърэ lэминрэ - а лъэхъэнэм уей-уей жригъэlэу Бэчмырзей дэса Хьэфиз-ефэндыжьым деж мыдрисэм щеджэну игъэкlуащ. Щlалэхэм еджапlэм пэщlэдзэ щlэныгъэ щызрагъэгъуэтащ, хьэрыпыбзэр мыбзаджэу ящlэу, урысыбзэкlэ уэрсэру псалъэу къуажэм къагъэзэжащ. Куэд дыдэ дэмыкlыу Шэпар зэшитlым адэжь унэр ябгынэн хуей хъуащ. Зэраlуэтэжымкlэ, бгы жьэгъум къехыжу Инжыдж цlыкlу и lуфэм къыlутlысхьа ХьэтIохъущокъуэпщым зэхэщlыкl зиlэ, цlыхухэр къэзыгъэдэlуэн, хуей хъумэ, еущиен ефэнды губзыгъэ къилъыхъуэу хуежьащ. Пщыр Шэпар Инус деж къакlуэри къелъэlуащ къуажэм ефэндыуэ къыхуэкlуэну. Арщхьэкlэ, щlыпlэхъуэж мызэ-мытlэу зыщlа лlым идакъым. «Сэ сынэlэпхъуэжыну сыхуейми, си къуажэгъухэр сфlэпсэкlуэдщ, lэпхъуэшапхъуэм иригъэшащ, иджыри зэ зыкъызэщlэфlэти ХьэтIохъущыкъуейм дывгъэкуэшыж, жысlэу япэзубыдыфынукъым, губгъэн къысхуумыщl», - жиlащ Инус. Ауэ ХьэтIохъущокъуэр хьэтырыншэ дыдэ имыщlын щхьэкlэ, и къуитlыр къыхуигъэлъэгъуащ. Пщыри лlым жиlэмкlэ арэзы хъуащ. Мазэ нэхъ дэмыкlыу зэкъуэшитlыр ХьэтIохъущыкъуейм къэlэпхъуащ. Мыр къыщыхъуар хуэгъэфэщауэ 1867 - 1868 гъэхэрщ. Нэхъыжьыгъэр зэрейм къыхэкlыу, Садыкъ къуажэ ефэнды хъуащ. Зи lуэхум гурэ псэкlэ бгъэдэт, зи къалэнхэр къабзэу зыгъэзащlэ Садыкъ хьэжыщl кlуахэм ящыщщ. Хьэж ищlу къигъэзэжа нэужь, псэуху Садыкъ-хьэжыкlэ къеджащ, и псалъэхэмрэ и уазхэмрэ ягу къагъэкlыжу щытащ.

lэмин егъэджэныгъэм нэхъ хуэшауэ зэрыщытым къыхэкlыу, мэжджыт унэм мыдрисэ къыпригъэщlыхьыжри, абы щригъаджэу иублащ. Адыгэ ефэндыхэм я нэхъыбэм КъурIэным еджэкlэ ирагъащlэу щытамэ, lэмин цlыкlухэм яригъэджым къарыкlыр яригъащlэрт, абыхэм нэхъ гумащlэу яхущытт, пхъашагъ зыри якlэлъызэрихьэртэкъым, я гур щlэныгъэм хузэlуихыну иужь итт, еджэным адэкlэ пащэну еущиерт.

Сыт хуэдизу хуэмеями, Лабащхьэ щетlысэха жылиплlыр - Анзорей, Бэгупсей, Къундетей, Шэпархьэблэ - пащтыхь унафэкlэ зэхагъэхьэжащ, Инуси къуажэм и lэтащхьэ ящlащ. Куэшхьэблэ зыфlаща къуажэщlэр Лабэ lуфэм щагъэтlысащ. И пщэрылъыр нэхъыбэ хъуа пэтми, Исуф Инжыдж къыдина щlалитlым и нэlэ ятригъэкlакъым, дунейм ехыжыху якlэлъыкlуащ, игъэгъуэзащ. Инусщ зи фlыгъэр lэмин и щlэныгъэм хигъэхъуэну Дербент 1870 гъэм зэрыкlуар.

Дагъыстэным щеджэу къэзыгъэзэжа lэмин и зэхэщlыкlым хэхъуат, и дуней еплъыкlэми зиужьат. Диным и щэхухэм фlыуэ хэгъуэза lэмин къыгурыlуэрт духьэхэр lурыбжэу къыубжын къудей щхьэкlэ, уеджэныр зэрымащlэ дыдэр, абы акъылри гузэхэщlэри хэлъхьэн зэрыхуейр. Шэпар lэмин уазхэр щиткlэ, КъурIэн lэяткхэмрэ хьэдисхэмрэ тегъэщlапlэ ищlурэ еджэным фlагъыу пылъыр цlыхум яхузэпкърихырт. lэмин къипсэлъхэм якlуэцlылъ купщlэм куэдым гу лъатащ. Япэщlыкlэ сабийхэр темыгушхуащэурэ къыхуэкlуэу щытамэ, иужькlэ уэру къекlуалlэ хъуащ. Нэхъыжьхэм зэраlуэтэжымкlэ, lэмин гупсысэ гуэр къыхилъхьэрти, абы и кlуэрабгъухэм сабийхэр ирипсэлъэну къыхуриджэрт, арыххэуи, зэныкъуэкъухэр зэхишэрт. Нэжыlэса мыхъуа псалъэм сабийхэм къыщыпащэкlэ, щыгуфlыкlырт, я щхьэр ягъэлажьэ, дэтхэнэми lуэху еплъыкlэ щхьэхуэ иlэщ, жиlэрти. Щыуагъэр игъуэджэу къилъытэртэкъым, пэжыр къахутэну е ар зэрагъэзэхуэжыну цlыкlухэр иужь ит къудеймэ.

Зи гупсысэ къуэпсхэм жыжьэ задз lэмин къуажэр къезэвэкl хъуащ, ар хуейт и щlэныгъэм хигъэхъуэну, ауэ и хъуэпсапlэхэр хэlущlыlу ищlыну тегушхуэртэкъым. Щlалэм къыхуащl пщlэр и адэм щилъагъум, абы куэд дыдэ лъандэрэ игу щигъафlэ гупсысэхэр и къуэм ирихьэлlащ - ар хуейт lэмин Бухара кlуэуэ дин щlэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтыну. Зэадэзэкъуэм я гуращэхэр щызэтехуэм, lэмин 1875 гъэм ирихьэлlэу Бухара кlуащ. Щlалэм дин щlэныгъэхэм къадэкlуэу, есэпми, физикэми, географиеми фlыуэ щыгъуазэу къигъэзэжащ. Псыжь щlыналъэм хыхьэ Баталпашинск къалэми, абы и lэгъуэблагъэми lэмин хуэдэу щlэныгъэ зыбгъэдэлъ куэд щыlакъым.

Щlэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъа абазэ узэщlакlуэ Мэчэр Умар щыпсэу Бибердкъуажэм (Елбыргъэн) зы класс хъу еджапlэ къыщызэlуихащ 1879 гъэм. И мылъкуи, и гуащlи хилъхьэу еджапlэр къызэlузыха Мэчэрыр Истамбыл щеджат, щlэныгъэшхуэ бгъэдэлът, хыхьэхэкlышхуэ иlэт. Щlэныгъэ lуэхухэр хуэзымыгъэфащэхэр зэрыщыlэм щхьэкlэ къимыгъанэу, Умар адыгэхэмрэ абазэхэмрэ я сабийхэр иригъаджэу хуежьащ. Еджапlэм щрагъэджырт есэпри, географиери, хьэрыпыбзэри, шэрихьэт щlэныгъэхэри. Езы Умар хьэрыпыбзэр цlыкlухэм яригъащlэрт. Ауэ хьэрыпыбзэмрэ дин щlэныгъэхэмрэ зэзыгъэщlэну хуейхэм я бжыгъэр куэд щыхъум, Шэпар lэмини еджапlэм ирагъэблэгъащ. lэмин абдеж илъэс зыбжанэкlэ щылэжьащ. Абы щыхьэт тохъуэ 1898 гъэм къыдэкlа «Псыжь махуэгъэпсыр» («Кубанский календарь»). Абы зэритымкlэ, lэмин Бибердкъуажэ еджапlэм шэрихьэтымрэ хьэрыпыбзэмрэ а илъэсым иджыри щригъэджырт. lэмин щlэхъуэпсырт щылажьэ еджапlэм хуэдэ ХьэтIохъущыкъуеи къыщызэlуихыну икlи куэдрэ къулыкъущlэхэм лъэlукlэ захуигъэзащ. Икlэм-икlэжым, 1886 гъэм, Псыжь щlыналъэм и lэтащхьэхэм хуит къащlри, щlалэ цlыкlухэр щеджэ хъун пансион и къуажэм къыщызэlуихащ.

Еджапlэ унэр ин дыдэтэкъым, пэшиплl къудей хъууэ арат: зым дерсхэр щекlуэкlырт, етlуанэм сабийхэр щыжейрт, ещанэр егъэджакlуэхэм я зэхэсыпlэт, еплlанэм цlыкlухэм я щыгъынхэр щlэлът, ерыскъыр щахъумэ лъэщlэсри хэтт. Ауэ абы лэжьыгъэшхуэ щекlуэкlырт. А лъэхъэнэм ирихьэлlэу къуажэм зиубгъуат, абы къыхэкlыуи етlуанэ мэжджытыр яухуат. Еджапlэр абы пэжыжьэтэкъым. Ухуэныгъитlри Алэшхэрэ Шэпархэрэ я мылъкум къыхэкlыу ящlат. Щlэныгъэ къызэрыщратым къищынэмыщlауэ, цlыхугъэ къызэрыкlэлъызэрахьэм къыхэкlыу, сабийхэр еджапlэм яфlэфlу къекlуалlэрт. Еджапlэм и гъэсэн куэд иужькlэ, Советым и унафэр къэралым тепщэ щыхъуа нэужь, къуажэ-къуажэкlэрэ егъэджакlуэу лэжьэн щыщlадзат...

1891 гъэм Шэпар lэмин къадыуэ хахащ. Абы щыхьэт тохъуэ 1901 гъэм «lузэв щlыналъэ» («Приазовский край») газетым къытехуа, «Щыхьэттехъуэкlэ» зэджэжым и цlэр зыщlэт тхыгъэр. lэмин зэпымыууэ унафэщlхэри цlыхухэри къыхуриджэрт еджа хъун папщlэ я lэ илъ зыри къамыгъэнэну, абы и лъэныкъуэкlэ щlэблэм гулъытэ хэха хуащlыну. Еджагъэшхуэм зыхищlэрт къэкlуэну дунейм щlэныгъэ уимыlэу узэрыхэмыпсэукlыфынур, зэхъуэкlыныгъэхэм я акъужь къыкъуэуам узэрыхэтыфыну lэмалу ар зэрыувынур.

ХьэтIохъущыкъуейм дащlыхьа еджапlэм къекlуалlэ сабийхэм я бжыгъэм щыхэхъуэм, абы зрагъэубгъуну лъаlуэу lэмин къуажэ жэмыхьэтым захуигъэзащ. Икlи, 1895 гъэм ирихьэлlэу, еджапlэ унэм къыпащlыхьыжа нэужь, фlыуэ нэхъ lэхуитлъэхуит хъуащ, щlалэ цlыкlу 30-м нэблагъи щеджэну lэмал ягъуэтащ. Абы щрагъаджэрт езы lэмин къищынэмыщlауэ, Шэпар Айсэ, Пщыlэжь Мухьэдин сымэ. Зэзэмызэ еджэныгъэм къуажэ ефэндыр - Шэпар Садыкъ - къыщыхыхьэ къэхъурт.

Шэпар Садыкъ макъкlэ КъурIэн къыщеджэкlэ е азэн къыщыджэкlэ, цlыху цlыкlур зэщlэумэзэхэрт. Зи макъыр дахэу зыгъэlу ныбжьыщlэхэм щхьэкlэ Садыкъ и гъукlэгъэсэнщ, жаlэрт. Нэмэз ищlу Садыкъ и щхьэр сэждэм щытрилъхьэкlэ, зыдэс жылэр фlыгъуэрэ игъуэрэ щымыщlэну тхьэ елъэlурт. Арыххэуи, зыгуэрым и щхьэр куэдрэ къимыlэтыжу сэждэм телъмэ, Садыкъ-ефэндыжьым и хабзэр уи бзыпхъэу ара, жаlэрт. lэмини апхуэдэ дыдэт. Шыlэныгъэшхуэ хэлъу щытащ абы, къэбгъэгубжьын е и пlэ къипшын щхьэкlэ, къызэрымыкlуэ гуэр блэжьын хуейт. Арагъэнущ цlыхуми тэмакъкlыхьым щхьэкlэ «Шэпар lэмин нэхъей» щlыжаlэу щытари. Егъэлеяуэ цlыху гумащlэу, нэгъуэщlым и гуауэр езым ейм хуэдэу зыхищlэу щытауэ жаlэрт. Апхуэдэ дыдэу, хабзэншагъэ илъэгъуамэ, ар зыlэщlэкlам хуэткlийт, псалъэкlэ хущlригъэгъуэжыфырт. Дахэу дунейм тета цlыхур мыпсэужми, лъэужьыншэ хъуркъым. Абы и гъащlэр кlыхь ящl къыщlэхъуа щlэблэмрэ къызэринэкlа lуэхущlафэхэмрэ.

Шэпар lэмин lуэху дахэ куэд къызэригъэнам хуэдэу, щlэблэ дахи и ужь къринащ.

Щlэныгъэр цlыхубэм яхэпщэн и lуэхукlэ яхузэфlэкl къагъэнакъым Шэпархэ Яхья, Кушыку, Умар, Айсэ сымэ. Псом хуэмыдэу гуащlафlэу а lэнатlэм пэрытащ lэмин и къуэ Яхья. Бибердкъуажэ дэт еджапlэр къиуха нэужь, Яхья и адэм Дагъыстэным игъакlуэри щригъэджащ. И адэжь унэм къыщыкlуэжым, Яхья цlыхухэм яхэпсэлъыхьу, я быныр ирагъэджэну къызэщlиlэтэу хуежьащ. Яхьящ япэ дыдэу къыхэзылъхьар щlалэ цlыкlухэм хуэдэу, хъыджэбз цlыкlухэми тхэкlэрэ еджэкlэрэ ирагъэщlэну. Ар ямыдэу цlыхубэм зыкъыпаlэт щыхъум, и адэ къуэш Садыкъ иlэ фlэлlыкlыр кърихьэлlэу къыхилъхьа lуэхумкlэ щlэгъэкъуэн къыхуэхъуну йолъэlу. Тхьэмадэм сыт хуэдизрэ жылэр къигъэдэlуэну хэмытами, къикlа щыlэкъым. Гурыlуэгъуэт - щlалэ цlыкlухэри хъыджэбз цlыкlухэри зэщlыгъуу ебгъаджэ щыхъун лъэхъэнэр иджыри къэсатэкъым...

Яхья и гукъыдэжыр щыужьых зэи къэхъуакъым. Апхуэдэу ар Тэрчкъалэ дэт гимназием щlотlысхьэри, абы къыщlиха щlэныгъэр и фlэщу гъащlэм хилъхьэну иужь йохьэ. А далэм ехъулlэу къуажэдэсхэми къагурыlуэ мэхъу урысыбзэми и ягъэ къазэремыкlынури, Яхья къелъэlуу щlадзэ я сабийхэм урыс тхылъыр къаригъэщlэну. Етlысэх жыхуаlэр имыщlэу щlалэм къулыкъущlэхэм тхылъхэр яхуигъэхьу хуожьэ, урысыбзэр щрагъэдж еджапlэ къуажэм къыщызэlуахыну лъаlуэу иту. 1911 гъэм Яхья и гуращэхэр къохъулlэ. Къулыкъущlэхэм кърата арэзыныгъэр зэщlа зэрыхъуным и гуащlэ ирехьэлlэри, 1912 гъэм абы ХьэтIохъущыкъуей къуажэм урысыбзэр щадж еджапlэ къыщызэlуех. Абдеж урысыбзэмкlэ япэ егъэджакlуэу лэжьэн щыщlэзыдзар нобэр къыздэсым зи цlэр къуажэдэсхэм яlэщlэмыхуа Яблоновский Николайщ, есэпымрэ хьэрыпыбзэмрэ езы Яхья цlыкlухэм яригъэщlащ. Псори зэгъусэу сабийхэр 25-рэ хъурт, абыхэм мащlэ-мащlэурэ хъыджэбз цlыкlухэри къахыхьэу хуежьат. Ар текlуэныгъэт, лъэпкъ гупсысэм и къэгъэшыпlэт, дуней лъагъукlэм и зыхъуэжыпlэт.

lэджэ гугъуехьи ящlэкlащ Шэпар зэшхэм, цlыхухэм я бынхэр еджэным lэмалыншэу хашэн зэрыхуейр гурагъэlуэн папщlэ. Шэпар зэшхэм я щхьэ къриклуа зы къэхъукъащlэ цlыкlу мыбдеж къэсхьмэ, лей мыхъуну къысщохъу. Хьэкурынэхьэблэ 1916 гъэм муслъымэн дин лэжьакlуэхэм я зэхуэсышхуэ къыщызэрагъэпэщат. Абдеж щекlуэкlа псалъэмакъхэм ящыщт хъыджэбз цlыкlухэм еджэным теухуауэ яlэ хуитыныгъэм и lуэхури. Дин лэжьакlуэ куэдым ар яфlэкъабылтэкъым, диным имыдэу, шэрихьэтым къемызэгъыу щаlуэжырт. Абы хэту Шэпархэ Яхьярэ Кушыкурэ утыкум къихьэри, КъурIэным къыщыкlуа lэятхэмрэ бегъымбарым и хьэдисхэмкlэ, хьэрыпыбзэкlэ жаlэр адыгэбзэкlэ зэрадзэкlыжурэ, цlыхухэм я фlэщ ящlыфат апхуэдэ гуэри диным зэрыхэмытыр, хъыджэбз цlыкlухэм щlэныгъэ етыным и lуэхукlэ шэрихьэтым пэрыуэгъу зыри къызэримыгъэувыр. Ислъам диным и бзэр фlыуэ зыщlэ щlалэхэм я хьилмым ерыщ куэд абдеж щигъэlэсауэ щытащ. Зэшхэр жыжьэ плъэ цlыху гъэщlэгъуэнт, я щхьэ lуэхум нэхърэ лъэпкъым и lуэхур ипэ изыгъэщ узэщlакlуэ нэст.

Щlэныгъэм и лъагъуэхэшу щыта Шэпар зэшхэм къызэранэкlа лэжьыгъэшхуэр иджырей егъэджэныгъэ lэнатlэм ублапlэ зэрыхуэхъуам шэч хэлъкъым. Шэпар зэшхэм лъэпкъым къыхуащlа псори къэхута хъуауэ пхужыlэнукъым. Диныр тегъэщlапlэ зыщlу, ауэ дунеягъэмкlэ къаплъэ щlэныгъэри мыхьэрэму къэзылъытэу щыта еджагъэшхуэхэм я щlэиныр иджыри нэсу зэхэгъэкlа хъуакъым. Ауэ дуней жьыбгъэм губгъуэм ирипхъэжынкlэ шынагъэ ди лlыфlхэм ящхьэщытами, я хахуагъэмрэ напэмрэ ахэр зы щlыпlэм жылапхъэу щигъэтlысри, игъащlэкlэ мыкlуэдыжын фэеплъ скъар яхуигъэуващ. Дэ къытхуэнэжыр зыщ - а фэеплъыр мыкlуэдыжу зетхьэнырщ.

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым*
*и щlэныгъэ обозреватель.*




● Псалъэжьхэр

## НэхъыщІэ нэхъ щІасэщ

♦Жьы зэрымысым нэмыс илъкъым, щІэ зэрымысым насып илъкъым.
♦Нэм псэр зыщІешэ, гум гур къреджэ.
♦КъакІуэ псори благъэщ.
♦Закъуэныгъэ нэхърэ Іэл къыбдис.
♦Унагъуэ зиІэм унагъуэ и пІалъэ ещІэ.
♦Зэдэшхэ ІэфІщи, зэдэфІ унэщ.
♦Хамэм ухуэмыубэ, быным ухуэмыдзыхэ.
♦Нэм пэжыжьэми, гум пэблагъэщ.
♦ЦІыхуфІ и Іэнэ хьэзырщ.
♦Уи анэ и Іэ илъым еплъи, уэ уи Іэ илъым едзакъэ.
♦Сабий щІэхъуэпсым гущэпс ед.
♦НэхъыщІэ нэхъ щІасэщ.
♦Хэгъэрей бзаджэ дэкІуатэ кІыхьщ.
♦Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.
♦УнагъащІэ хьэщІэхуэфІщ.
♦ЦІыхубз зыщІэмыс унэр сабафэщ.
♦Шыгъу пут зэдумышхыу узэрыщІэркъым.

● Хабзэм щыщ

## ХьэщІэ гъуэгурыкІуэм кІэлъызэрахьэрт

ХьэщІэм нэмыс щыхуащІри, хабзэ щыкІэлъызэрахьэри унэм и закъуэтэкъым, дэнэ щыхуэзэми хьэщІагъэ ирахырт.

Гъуэгум шууэ тету, шу гуэрым щІэрыхьэмэ «хьэщІэу къыщІэкІынщ», - жиІэу хуэсакъыу, и сэмэгурабгъумкІэ бгъурыхьэн хуейт, хабзэм тету ижьырабгъур хьэщІэм иритын щхьэкІэ. Зэрыгугъам хуэдэу къыщІэкІрэ, зыкІэщІыхьар хьэщІэу, нэхъыжьу щытмэ, тэмэму бгъурыхьати, абы тету кІуэхэрт. Армырауэ ижьырабгъур езым нэхъ хуэфащэу щытмэ, зыкІэщІыхьар къекІуэкІырти, сэмэгурабгъумкІэ къэувырт.

Зы хьэщІэрэ зы хэгъэрейрэ зэдэщІыгъуу кІуэмэ, хьэщІэр ижьырабгъумкІэ игъэувын хуейт, нэхъыщІэу щытми, и щІым икІыхукІэ. И щІым икІа нэужь, нэхъыжьым нэхъыжьыпІэр къыхуонэж.

Шууэ кІуэурэ нэхъыжьыр лъэсу кІуэуэ ирихьэлІамэ, епсыхыу сэлам ирихын хуейт. Шым тесу нэхъыжьым сэлам ирах хабзэтэкъым.

Зы хьэщІэрэ зы хэгъэрейрэ зэдэщІыгъуу макІуэ. ХьэщІэр шущ, хэгъэрейр лъэсщ. Іэмал имыІэу лъэсыр ижьырабгъумкІэ увын хуейщ.

ХьэщІэр шым епсыхын хъумэ, хэгъэрейр епхъуэу и Іэ ижьымкІэ шхуэмылакІэр иубыду, Іэ сэмэгумкІэ лъэрыгъыпсыфэр иубыду иригъэпсыхын хуейщ. Ар иригъэпсыхын щхьэкІэ лъэсыр, хабзэм тету, и сэмэгумкІэ щытмэ, шур щепсыхкІэ лъэсым теувэнущ, езы лъэсри ижьырабгъумкІэ къекІуэкІыу шыІумпІэр иубыдыху, шур къежьэу щытын? Нэхъыжь шурэ нэхъыщІэ лъэсрэ зэдэщІыгъуу кІуэми, аращ хабзэр.

● Шхыныгъуэхэр

## Пщагъэ зыхэлъ лэкъум

ПщагъэкІэ гъэтэджа тхьэвыр сэхуран дагъэ зыщцыхуа Іэнэм тралъхьэри, хуэплІимэ щІыкІэу, ину, и Іувагъыр мм 3 - 4 хъууэ яху. Тхьэвыр см 4 - 5 и бгъуагъыу, см 12 - 13 и кІыхьагъыу щимэурэ е плІимэурэ зэпаупщІри, тэджын щхьэкІэ дакъикъэ зытхухкІэ щагъэлъ. ИтІанэ сэхуран дагъэ е тхъу къэплъа зэрыт шыуаным хадзэри зэрагъэдзэкІыурэ дакъикъи 3 - 4-кІэ, тхъуэплъ дахэ хъуху, ягъажьэ. Дзасэм фІаІуурэ къыхахыж, дагъэр е тхъур пагъэжын щхьэкІэ. Яшх хуабэу, шатэ, фо, кхъуей и гъусэу.

*Халъхьэхэр:*
гуэдз хьэжыгъэу - г 1400-рэ;
псыуэ - г 1000;
пщагъэу - г 30;
шыгъуу, тхъууэ е сэхуран дагъэу - узыхуейм хуэдиз.



## Зэрыджэпсрэ форэ

Мыр бжьыхьэм гъэтІылъыгъэ ящІу щытащ. Зэрыджэм псы щІыІэ дагъэжэх, и хьэдзэхэр къыпач, шынакъ куум иракІутэри япІытІурэ и псыр къыщІаху. Зэрыджэ пІытІам псывэ тІэкІу щІакІэ, бэлагъкІэ зэІащІэурэ икІи зэхэшыпсыхьын щхьэкІэ и щхьэр тепІауэ дакъикъи 5 - 10-кІэ щагъэт. Абы и ужькІэ ар бинт тІууащІэ-щащІэкІэ яз, зэрыджэпсыр къыщІакъуэзыкІыурэ. Абы и псыр нэгъуэщІ шынакъым иракІэ, зэІащІэурэ абы фо гъэткІуа хакІэ, ар кхъуэщыным е кІэструл лам иракІэжри, и щхьэр гъэбыдауэ щІыІапІэ-кІыфІыпІэм ягъэув. ВитаминкІэ къулейщ. Зэрыджэпс зэхэшыпсыхьар сэбэп яхуохъу щІыІэ зыхыхьахэм, псчэрейхэм, зи шхалъэ узхэм, зи пэ лъы къикІхэм. Шейм хэпкІэуи, езыр-езыруи уефэ хъунущ. Псом нэхърэ нэхъыфІыр гъуэлъыжыгъуэм ирихьэлІэу уефэнырщ.

*Халъхьэхэр:*
зэрыджэпсу- г 1000;
фоуэ - г 1000;
псывэу - г 100.

**КЪУБАТИЙ Борис.**






● ГъэщІэгъуэнщ

## Алыфбейр къызэрагупсысар

ЯпэщІыкІэ псалъэхэр, пычыгъуэхэр къызэрыкІ сурэт цІыкІухэр къагупсысащ. Нэхъ кІасэІуэу финикий сондэджэрхэм хьэрф язынықъуэхэр кърагъэжьащ, ауэ ахэр хьэрф дэкІуашэт. ИтІанэ ди эрэм ипэкІэ IX - VIII лІэщІыгъуэхэм пасэрей алыджхэм хьэрфзешэхэри кърагъэжьащ, абыхэм я тхыбзэр «альфэрэ» «бетэу» зэхэтт. Урысхэм я деж ар къэсащ икІи славяныбзэкІэ «аз», «бука» хъуащ, абыи къытекІащ «азбука» псалъэр. Дунейм тет лъэпкъхэм я нэхъыбэм езым я алыфбей къагупсысакъым, нэгъуэщІхэм ейр къагъэсэбэпауэ аращ - дэри, адыгэхэм, урыс алфавитырщ къэдгъэсэбэпыр.

● Фэ фщІэрэ?

### Жьэгупатхьэ

**Жьэгум и тхьэ. Жьэгур гъэлъэпІэным къыхэкІащ.**

Жьэгумрэ (жьэгум пэгъунэгъу жыхафэ Іыхьэр) лъахъшымрэ унэгуащэм и унафэ зэрыщІэтыр, нысащІэр зэрыхьа унагъуэмрэ жьэгумрэ зэрырашалІэ дауэдапщэхэр Жьэгупатхьэ и цІэм ирапх.

### ЗекІуатхьэ

**ЗекІуэм, зекІуэлІхэм, зауэлІхэм я тхьэщ.**

Адыгэм я тхыдэр зауэ-банэкІэ гъэнщІарэ я хэкур яхъумэжын, бийм щыхъумэн зэрыхуейм къигъэщІащ. ИужькІэ, феодализмэм и лъэхъэ-нэм къежьа зекІуэ институтым зиужьыху, ЗекІуатхьэ и къалэнхэми нэхъ заужьагъэнщ.

ЗекІуатхьэ и теплъэр зыхуэдэр къызыхэщ щыІэжкъым, ауэ антропоморф (цІыху) сурэту щытауэ хуэбгъэфащэ хъунущ: шапсыгъхэм зэраІуатэмкІэ, ЗекІуатхьэ и пІэм имысу сыт щыгъуи гъуэгурыкІуэт. ЗекІуэ е зауэм ежьэн ипэкІэ ар ягъэлъапІэу хъуэхъу жаІэрти, я Іуэхур къадигъэхъуну елъэІурт. ЗекІуэр зэфІэкІыу къуентхъ къахьамэ, абы щыщ ЗекІуатхьэ Іыхьэ хуащІырт. Іыхьэр тхьэлъэІупІэ мэзым, жыг щІагъ сытым щыхуагъэтІылъырт.

Илъэси 3 - 5 зи ныбжь щІалэ цІыкІухэр япэ дыдэу шым щагъэшэскІэ, ЗекІуатхьэ и цІэр ираІуэу щытащ, щІалэхэр хэкур зыхъумэфын зауэлІ хъыжьэ, зекІуэлІ бланэ, «хъулъхугъэ къэхьакІуэ» хъуну ЗекІуатхьэ елъэІурт.

### КІэлъыгъэхуабэ

**Гъуэгу техьам, зекІуэ ежьахэм кІэлъызэрахьэу щыта хабзэщ.**

Унэм икІа нэужь, шхын ягъэхуабэрт, зэхэтІысхьэрти яшхырт, ежьам и Іуэхур къыдэхъункІэ хуэлъаІуэхэрт. Гъуэгу техьар псым икІыху кІэлъыпхъанкІэртэкъым, кІэлъыжьыщІэртэкъым, пхъэнкІий кІэлъырадзтэкъым.

## Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **5**. КъБР-м щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и министр. **6**. Ди унафэщІым ... зэрына хузэрыхыркъым. **7**. Инджылызым я премьер-министр. **9**. Сабийм пыІэр щхьэрымыхун папщІэ иращІэ кІапсэ цІыкІу. **12**. Вагъэ явагъащІэм къыхеху. **13**. ... цІыкІу бжьакъуэшхуэ. **14**. Гукъеуэ зиІэр псалъалэщи, ... зиІэр тІэхъуалэщ. **15**. Бэрбэч ХьэтІутІэ иужькІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору щыта. **16**. Унагъуэ къулейм я Іуэхутхьэбзащіэ. **18**. КІэкъинэ. **20**. ПхъащІэ Іэмэпсымэ.

***Къехыу:*** **1**. Унэм щигъэзэщІэну еджакІуэм къыщащІа къалэн. **2**. Іэщ пІащэ. **3**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **4**. Пасэм щІэпхъаджагъэ зылэжьар адыгэм щаІыгъыу щыта «тутнакъэщ». **8**. Совет Союзым и ЛІыхъужь Къуэныкъуей ... **10**. «ПыІэ ... плъыфэм уи фэр изоплъри, лъахъшэу ныщхьэрызокъуэ ...» - Къэжэр Индрис и уэрэд цІэрыІуэм щыщщ. **11**. Пасэрей Іэщэ зэрыпыджэ. **15**. ПцІащхъуэм, къанжэм я джэ макъ. **17**. Пхъэм къыхэщІыкІа шынакъ кІуэцІыр зэрагъэтэмэм, дзитІ зыІут Іэмэпсымэ. **19**. Шатэ, тхъуцІынэ гъэвэжам я щхьэм къытрещІэ. **21**. Бдзэжьей зэрещэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

### ЩІышылэм и 28-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***Къехыу:*** **1**. Кхъуэщын. **2**. Лэгъуп. **3**. Нэкулъ. **4**. Хьэкъурт. **7**. Зэрэгъыж. **10**. Хьэтыкъ. **11**. Борэн. **12**. Бжэн. **13**. Къыргъ.

***ЕкІуэкІыу:*** **5**. Хьэмэм. **6**. Дэлэл. **8**. Пхъэгулъ. **9**. Бэрэжьей. **12**. Блыпкъ. **14**. Шыгъуэгу. **15**. Арджэн.

● ЗэIущIэхэр



# Iуэху щхьэпэм пащэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI «Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщIэ» наркотикым пэщIэт профилактикэ акцэм адэкIи пащэ. Апхуэдэ зэIущIэхэр щекIуэкIащ Налшык къалэ и курыт еджапIэхэу №№1, 15, 19, 23-хэм.**

КЛАСС нэхъыжьхэм щеджэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ яхуэзащ КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъакIуэм кIэлъыплъыныгъэмкIэ и управленэм, Налшык къалэм и УМВД-м балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ и IэнатIэхэм, Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ инспекцэм я лэжьакIуэхэр, апхуэдэуи Налшык къалэ администрацэм Егъэджэныгъэмкlэ и департаментымрэ дин Iуэхущlапlэхэмрэ ящыщхэр, тренер, спортсмен цIэрыIуэхэр.

ЗэIущIэхэр нэхъыщхьэу теухуат наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ хабзэншагъэу ирагъэкIыныр къызэпыудыным, балигъ мыхъуахэр а Iуэху мыщхьэпэм хемыгъэшэным.

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэкIым кIэлъыплъынымкIэ и управленэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху хэхахэмкIэ и оперуполномоченнэ, полицэм и капитан ЛIыгуащIэ Тимур ягу къигъэкIыжащ хабзэм къемызэгъ зыщIэхэм жэуап зэрахьыр.

Дохутыр психиатр-нарколог Нагорная Татьянэ и псалъэр триухуащ наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ цIыхум и IэпкълъэпкъыМ зэранышхуэ зэрыхуэхъум.

КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу Амщыкъуэ Анжелэрэ Урыс Православнэ члисэм и лIыкIуэ Артуновэ Иринэрэ къыщыпсалъэм гулъытэ хэха хуащIащ унагъуэм и лъапIэныгъэхэр хъумэным, лъэпкъ гъэсэныгъэмрэ жылагъуэ хабзэмрэ щIэблэм яхэпщэным мыхьэнэшхуэ зэриIэм.

Налшык къалэ щIыпIэ администрацэм Егъэджэныгъэмкlэ и департаментым и IэщIагъэлI Темоевэ Фаризэт школакIуэхэм ягу къигъэкIыжащ ахэр хабзэм ебакъуэ, Iуэху мыщхьэпэхэм хыхьэ зэрымыхъунур.

Зытепсэлъыхь Iуэхум зэреплъхэр жаIащ ветеранхэм я «Боевое братство» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и исполкомым и унафэщI Абэнокъуэ Владимир, КъБР-м и «Спортивная школа олимпийского резерва» IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ КIыщыкъуэ МуIэедрэ тренер-егъэджакIуэ Шаваев Хьэнэфийрэ.

Апхуэдэуи Iуэхум хэтащ УФ-м щIыхь и зиIэ артисткэ Таукеновэ Галинэ, КъБР-м и цIыхубэ артист Къуныжь Алим, республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ Терёхинэ Еленэ сымэ.

Гулъытэ зыхуэщIыпхъэ, мыхьэнэ зиIэ Iуэху щхьэпэм и къызэгъэпэщакIуэхэр къыщыпсалъэм школакIуэхэр къыхураджащ гъащIэ узыншэм, адэ-анэхэм чэнджэщ иратащ я сабийхэр физкультурэмрэ спортымрэ нэхъри хыджэру хашэну.

ЗэIущIэм и кIэухыу хьэщIэхэм жэуап иратащ къызэхуэсахэм я упщIэхэм.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

# Узэрежьам тету

Мы махуэхэм зи илъэс 18-р зыгъэлъапIэ Мэршэнкъул Данэ Мухьэмэд и пхъур Краснодар дэт, УФ-м и МВД-м и университетым и япэ курсым щIэсщ. Тхылъыр зи щIасэ, щIэныгъэм зи псэр ета, еджэнкIэ зызымыгъэнщI, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ хъыджэбзым и адэмрэ и дэлъху нэхъыжь Русланрэ (ар а еджапIэ дыдэм и ещанэ курсым щIэсщ) къыхаха хабзэхъумэ IэщIагъэр езы пщащэми зригъэгъуэтыным щIохъуэпсри, Тхьэм къригъэхъулIэ!

А узэрежьам хуэдэу фIыуэ уеджэу, гъэсэныгъэкIи щIэныгъэкIи уакъыхэщу, Хэкури лъэпкъри ину зыIэтын щIалэгъуалэм ящыщ ухъуну дынохъуэхъу!

*Уи анэшхуэ Лидэ, уи адэшхуэ Хьэсэн, благъэхэр, Iыхьлыхэр.*



# ТекIуэныгъэ къахьащ

● Спорт

**Адыгэ Республикэм и къалащхьэ Мейкъуапэ иджыблагъэ щекIуэкIащ Урысейм ушу спорт лIэужьыгъуэмкIэ и чемпионатрэ бжьыпэр убыдынымкIэ къэрал зэхьэзэхуэрэ. Абы хэтащ Ростов областым, Адыгейм, Краснодар крайм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Донецк ЦIыхубэ Республикэм щыщ спортсмени 130-рэ.**

ЗЭПЕУЭМ къыщыхэжаныкIащ икIи ехъулIэныгъэ лъагэхэр щызыIэрагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен ныбжьыщIэхэм. Ди щIыналъэм икIа гупым къахьащ дыщэ медалу пщIы, дыжьыну тIу, домбеякъыу зы.

НыбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр ягъэлъэгъуащ къуэкIыпIэ спорт гъуазджэм и лIэужьыгъуитIкIэ: къызэрыгуэкI ушурэ (Iэщэ яIыгъыуи ямыIыгъыуи) туйшойкIэ.

Зэхьэзэхуэм къикIуахэр зэхэплъхьэжмэ, ди щIалэхэм республикэм и пщIэр къаIэтащ. Апхуэдэу зэхьэзэхуэм текIуэныгъэр щызыIэрагъэхьащ Нэгъуей Дамир (зы дыщэ медалрэ зы домбеякъ медалрэ), Газаевэ Алимэ (дыщэ медалу щы), Газаев Алий (дыщэ медалу тIу, зы домбеякъ медаль), Газаевэ Хьэлимэт (дыщэ медалу плIы), Чабановэ Ренатэ (зы дыщэ медалрэ дыжьыну тIурэ).

Спортсмен ныбжьыщIэхэр егъасэ Къарэмырзэ Заурбэч. Къыхэдгъэщынщи, мы тренерым и нэIэ щIэт ныбжьыщIэхэм мыр я япэ текIуэныгъэкъым. НэхъапэкIи гуп зэхьэзэхуэхэм къыщыхэжаныкIащ. Апхуэдэу, нэгъабэ и мэкъуауэгъуэм Шинкевич А. и фэеплъу къызэрагъэпэща, ушу лIэужьыгъуэмкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэм бжьыпэр щаубыдауэ щытащ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**



# ЯхуэзэфIэкIахэр къапщытэж

● МафIэсгъэункIыфI IэнатIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ и IэнатIэм щызэхалъхьэжащ 2022 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм къикIуахэр.**

ИЛЪЭС кIуам IэнатIэм и мафIэс-къегъэлакIуэ гупхэр 415-рэ дэкIащ мафIэсыр ягъэункIыфIыну. IэнатIэм и лэжьакIуэхэм республикэм мафIэс къыщыхъуа и ухуэныгъэхэм къыщIагъэIэпхъукIащ цIыху 756-рэ, цIыху 25-рэ, сом 1 мелардрэ мелуан 695-рэ и уасэ мылъку кърагъэлащ. Абы щыщу сом мелуан 530-рэ и уасэ хуэзэ мылъкур кърагъэлащ «Къэбэрдей-Балъкъэр ПСС» IуэхущIапIэм и мафIэсгъэункIыфIхэм. КъэлъыхъуакIуэ-къегъэлакIуэ гупым хэтхэр 146-рэ дэкIащ я лэжьыгъэ Iуэхукiэ икIи цIыху 54-рэ кърагъэлащ, гуэзэвгъуэм хэхуауэ 74-м ядэIэпыкъуащ.

МафIэ нэхъыбэ къыщыхъуащ пкъыгъуэхэр, хьэпшыпхэр, Iусыпхъэхэр, техникэр зэIухауэ щахъумэ щIыпIэхэм, апхуэдэуи псэупIэхэм. Ахэр нэхъыбэу къэрикIуащ мафIэм зэрыхуэмысакъым, электроIэмэпсымэхэмрэ транспортымрэ къызэрыгъэсэбэпыпхъэ хабзэхэм зэрытемытым.



2022 гъэм къикIуахэмкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр ПСС» IуэхущIапIэм и мафIэсгъэункIыфI IэнатIэ нэхъыфIу къалъытащ Лэскэн районым и Анзорей къуажэм щыIэ часть №14-р (унафэщIыр Гуэбэщlыкl Казбекщ), етIуанэ увыпIэр лъысащ Дзэлыкъуэ районым и Каменномосткъуажэм и ПСЧ-17-м (унафэщIыр Бей Муратщ). Ещанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Май къалэм и ПСЧ-6-м (унафэщIыр Алборэ Анзорщ). МафIэсгъэункIыфIкъегъэлакIуэ частхэм я унафэщIхэм я деж япэ щитщ Бей Мурат, ГуэбэщIыкI Казбек етIуанэщ, ещанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Бахъсэн районым хыхьэ Къубэ-Тэбэ къуажэм щыIэ часть №20-м и унафэщI БжэныкIэ Анатолэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ къулыкъум и лэжьыгъэм къикIуахэр зэпалъытыжри, 2023 гъэм я къалэн нэхъыщхьэхэр ягъэнэIуащ.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.669 • Заказыр №208

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымм и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А